ЩIэнгъуазэ пэлъытэ

2-нэ нап.

ЛъыкIэ ядогуашэ

3-нэ нап.

ЦIыкIухэр ягъэгушхуэ

4-нэ нап.



Спартакиадэм зыхуагъэхьэзыр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№73 (24.979) ● 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр», «Унагъуэ» лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм.

МЫ ГЪЭМ ухуэн щIадзащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и IуэхущIапIэу 6, иджыри 6-м зыгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр щрагъэжьащ. АмбулаториещIэхэр щаухуэ Сэрмакъ, Къулъкъужын, Черная Речкэ къуажэхэм. Шэджэм къыщрагъэжьащ махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу цIыхуи 300-м дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэну сабий поликлиникэр. Зеикъуэ дэт район поликлиникэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI, абы иджыри ухуэныгъэщIэ къыпащIыхь. Бахъсэн район сымаджэщым хирургие къудамэ щаухуэ.

Зэрагъэпэщыж Бахъсэненкэ дэт амбулаториер, Прохладнэрэ Бахъсэнрэ я сабий поликлиникэр, Май къалэм щыIэ поликлиникэр, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и хирургие къудамэмрэ Тэрч район сымаджэщымрэ.

«Унагъуэ» лъэпкъ проектымкIэ Прималкинскэ, Зеикъуэ къуажэхэм цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъыну IуэхущIапIэхэр ухуэн щыщIадзащ. Метр зэбгъузэнатIэу 500-м щIигъуну модуль унэщIэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. А лэжьыгъэр мы гъэм и кIэ пщIондэ зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Республикэ сабий клиникэ центрым ерыскъыхэр щызэрахьэ и IэнатIэм щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэхэм.

Лэжьыгъэхэр республикэм и бюджетым къыхэкI мылъкумкIэ ирагъэкIуэкI.

Депутатхэр арэзы тохъуэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. «Комитетым и сыхьэтым» депутатхэр щыхэплъащ ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым 2024 гъэм и фокIадэм къыщыщIэдзауэ 2026 гъэм и мэкъуауэгъуэ пщIондэ зэфIигъэкIам.

КОМИТЕТЫМ и унафэщI Iэпщэ Заур тепсэлъыхьащ хабзэ проекту ягъэхьэзырахэм, цIыхухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм зэрелэжьым.

Зи гугъу ящI пIалъэм къриубыдэу хабзэ проекту 17-м елэжьащ, абыхэм ящыщу 16-р къащтэри, КъБР-м и Iэтащхьэм Iэ щIидзащ. Абыхэм ящыщщ «КъБР-м и сату-промышленнэ палатэм и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законыр. «КъБР-м лэжьыгъэм къыхуагъуэт бгъэдыхьэкIэщIэм зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законыр къызэращтам Iэмал къаритащ нобэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэм ехьэлIауэ лэжьыпхъэмрэ къэралыр абыхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуфынумрэ яубзыхуну.

Сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IуэхухэмкIи Къэбэрдей-Балъкъэрыр Дагъыстэнымрэ Ингушымрэ зэрадэлажьэр егъэфIэкIуэным теухуауэ зэгурыIуэныгъэхэми Iэ щIадзащ.

Комитетым и зэIущIэу 35-рэ екIуэкIащ, Iуэхугъуи 160-м нэблагъэ къыщаIэтащ абыхэм. Iэпщэм жиIащ депутатхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр лъэпкъ Iуэхухэр зэрагъэзащIэм. Апхуэдэу 2025 - 2030 гъэхэм лъэпкъ проектыщIэхэр республикэм зэрыщрагъэжьам теухуауэ зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ. Рекламэ ухуэныгъэхэр къызэрагъэсэбэпым пыщIа гугъуехьхэм теухуауэ щытащ нэгъуэщI зы зэIущIэ.

Правительствэм хухах сыхьэтым хыхьэу, комитетым хэтхэм къаIэтащ зыплъыхьакIуэ-зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм ядэлажьэхэмрэ (экскурсоводхэр) инструкторхэмрэ дэфтэрхэр яIэн зэрыхуейр, абы къэралыр зэрыкIэлъыплъыпхъэр.

Къэпсэлъар къытеувыIащ цIыхухэм зэрадэлажьэми. Депутатхэр щIэх-щIэхыурэ хэхакIуэхэм яIуощIэ, Iуэху зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ я щхьэ кърахьэлIэ. Псори зэхэту цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэза лъэIуу 400-м щIигъум ахэр хэплъащ зиплъэж пIалъэм къриубыдэу.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ комитетыр жыджэру зэрылажьэр къыхигъэщри, абы и унафэщIым чэнджэщ иритащ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкI Iэмалхэм зрагъэубгъуну.

* * *

ЗэIущIэм унафэ къыщащтащ мэкъуауэгъуэм и 19-м сыхьэт 12-м республикэм и Парламентым и зи мычэзу зэIущIэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхашэну. Ар теухуауэ щытынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъазэм.

КъищынэмыщIауэ, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и зи чэзу зэIущIэр бадзэуэгъуэм и 2-м ирагъэкIуэкIыну траухуащ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «КъБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым, «ЛэжьапIэ зымыгъуэтхэм бжыгъэ гъэбелджылакIэ IэнатIэ къахудэхыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и 3-нэ Iыхьэм, «Щэнхабзэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 36-м, «КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я IуэхукIэ» щIыналъэ Законым халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм.

ЗэIущIэм щыхэплъащ КъБР-м и Парламентым экономикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым игъэхьэзыра, «ХьэщIэщхэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыщызэфIахыр къызэрапщытэнум и IуэхукIэ» федеральнэ законым и 1-нэ, 9-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектым.

Депутатхэм даIыгъащ кIэрыхубжьэрыхухэм, жыг хадэ гъэкIыным, унэ щаухуэкIэ зэрызэгухьэм, хущхъуэхэр къызэрагъэсэбэпым, нэгъуэщIхэми ятеухуа федеральнэ законопроектхэр.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий тепсэлъыхьащ «КъБР-м щэнхабзэм зыщегъэужьыным теухуауэ» «Правительствэм хухах сыхьэтым» къыщаIэта чэнджэщхэр зэрагъэзащIэм.

Депутатхэр арэзы техъуащ ухуэныгъэмрэ щIыпIэм унафэ зэрыщащIымрэ зэрызрагъэужьым папщIэ, цIыху зыбжанэм КъБР-м и Парламентымрэ и ЩIыхь тхылъыр иратыным. Медицинэ лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу ягъэлъэпIэнущ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм ехъулIэныгъэ яIэу пэрытхэр.

КъалэныщIэхэр щигъэнаIуэу

КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм и Парламентым зыхуигъэзэнущ

Мэкъуауэгъуэм и 19-м сыхьэт 12-м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Парламентым зыхуигъэзэнущ.

КъБР-м къызэринэкIа пIалъэм хузэфIэкIахэр къыщипщытэжынущ Iэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэм, къытпэщылъ зэманым республикэм гулъытэ хэха зыхуищIын хуей лъэныкъуэхэр щиубзыхунущ. ГъэзэщIакIуэ органхэм къалэн пыухыкIахэр хуагъэувынущ, УФ-м и Президент Путин Владимир лъэпкъыр зылъэIэсыпхъэу игъэува мурадхэр зэрагъэзэщIэну щыкIэм теухуауэ.

КIуэкIуэ Казбек Парламентым Зэрызыхуигъазэм щытепсэлъыхьынущ экономикэм, цIыхубэ гъащIэм, узыншагъэм кIэлъыплъыным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, щIалэгъуалэ политикэм, инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным - къызэщIэубыдауэ, республикэм и псэукIэр езыгъэфIэкIуэну Iуэхугъуэхэм.

Гулъытэ зыхуащIыну лъэныкъуэхэм язщ дэзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэн зэрыхуейр.

КIуэкIуэ Казбек Парламентым Зэрызыхуигъазэр къыщагъэлъэгъуэнущ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ абы и Администрацэмрэ «ВКонтакте» хъыбарегъэщIапIэм щаIэ напэкIуэцIхэм, «Россия 24 КъБР», «1КъБР» телеканалхэм, «Урысейм и Радио» (101.8 FM), «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Радио» (99,5 FM) радиостанцхэм къатынущ.

IуэхутхьэбзапщIэр и чэзум ят

2026 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым къриубыдэу «Россети Кавказ Ищхъэрэ» компанием и «Къэббалъкъэнерго» щIыналъэ къудамэм республикэм и IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ IуэхутхьэбзэущIам сом мелард и 3,4-м щIигъу къыпэкIуащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ сом мелуан 501,6-кIэ ар нэхъыбэщ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и япэ мазиплIым къриубыдэу КъБР-м и IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту IуэхутхьэбзэущIам хуащIэм и процент 86,5-м и уасэр ятащ. Мыбдежым щыпэрытщ щIыпIэ, щIыналъэ бюджетхэм къыхэкIыу ягъэлажьэ IуэхущIапIэхэр.

«К ъ э б б а л ъ к ъ э н е р г о»-м абыхэм яхуищIа IуэхутхьэбзэущIам и уасэр проценти 104-кIэ, 101-кIэ ятащ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу (дебитор щIыхуэу ипэIуэкIэ ятелъауэ япшыныжари хэту).

Электрокъару къэзыщэхузыщэж IуэхущIапIэхэм хуащIа Iуахутхьэбзэм и уасэм и проценти 103,8-р щIатащ.

КъищынэмыщIауэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу промышленнэ IуэхущIапIэу щымытхэм хуащIа IуэхутхьэбзэхэщIам я уасэм и процент 98,7-р, къэрал бюджет IуэхущIапIэхэм - процент 96,6-р, промышленнэ IуэхущIапIэхэм - процент 96,3-р, унагъуэхэм - процент 95,3-р, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм - процент 95,1-р ятащ.

«Къэббалъкъэнерго»-м и IуэхутхьэбзэхэмкIэ щIыхуэ нэхъыбэ зытелъыр икIи зи Iуэхур хэплъэгъуэр республикэм и псэупIэ-коммунальнэ комплексым и IуэхущIапIэхэрщ. 2026 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым къриубыдэу абыхэм яхуэтар IуэхутхьэбзэщIам и процент 25,3-рщ. Апхуэдэ щытыкIэм къыхэкIыу я дебитор щIыхуэм хэхъуэ зэпытщ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

«Адыгэ псалъэр» къыхызох

ЩIэблэм яIурыдвгъалъхьэ

Ди анэдэлъхубзэкIэ республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ» газет закъуэр къэзгъэсэбэпу щIэджыкIакIуэхэм захуэзгъэзэну сыхуейт адыгэбзэр тхъумэн, ар щIэблэм яIурытлъхьэн зэрыхуейм теухуауэ.

ДУНЕЙМ лъэпкъыу тетым езым я хабзэ, я бзэ яIэжщ, адрей лъэпкъхэм къащхьэщигъэкIыу. Гугъуехь куэдым къыпхыкIа, лъэпощхьэпо мымащIэм къебэкъуа ди бзэ дахэр иджырей зэманым зэрагъэпудым, Iумпэм зэращIым, лей къызэрытехьэм си гур хегъэщI.

«Ди бзэр гугъущ, гъащIэми къащхьуэсэбэпынукъым, IэнатIэми щрилэжьэнукъым, абы къыхэкIыу зэманрэ къарурэ щIытебгъэкIуэдэн щыIэкъым», - жаIэу нобэ утыку ит адэ-анэм я къэухьыр жыжьэ нэсыркъым. ДыкIэлъыплъурэ тфIыхаутэ лъэпкъым нэхъыщхьэ дыдэу бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэр. «Ухэт?» - жыпIэрэ ущIэупщIэмэ, «дыадыгэщ» жаIэ, ауэ анэдэлъхубзэр ящIэркъым къыдэкIуэтей щIэблэм. Дауэ узэрыадыгэр, уи бзэм уримыпсалъэмэ, уримытхэмэ, уремыджэфмэ?

Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, ди адэжьхэм я бзэр тIэщIэхужынурэ нэгъуэщI лъэпкъхэм дахэшыпсыхьыжынущ. Ди япэ итахэм, зи лъэпкъыр, зи бзэр зыхъумэу бийм япэщIэтахэм, ди къэкIуэнум папщIэ зи псэр зытахэм дахуэфащэу дытетын хуейщ мы дунейм. Ауэ иджыпсту ауи далъэщIыхьэркъым, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм дыдихьэхауэ, хамэбзэкIэ допсалъэри.

НэгъуэщIыбзэкIэ Iуэху зепхьэми, зыми къыппиубыдыркъым ди бзэр бджыну, уритхэну, урипсэлъэну. Дэр-дэру IэщIыб дывмыгъэщI ди лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр. Ди щIэблэм ар ящIэмэщ анэдэлъхубзэм къэкIуэн щиIэнур.

Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я бзэр зэрыщамыгъупщэным и хэкIыпIэхэр къагупсыс, зэрахъумэнум иужь иту илъэси 150-м щIигъуауэ къокIуэкI, а хъугъуэфIыгъуэр зыбгъэдэлъ дэ IэщIыб дощI. Ар къэхъункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущи, фыкъыхузоджэ ди бзэр тхъумэжыну, хэдмыгъэкIуэдэжыну, ди «Адыгэ псалъэ» газетри ди унагъуэхэм щызэIэпытхыу къыддекIуэкIыну!

МАМБЭТ ФатIимэ.

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр мэкъауэгъуэм и 23-м еух.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Ди индексыр П5894

ЩIигъуар иратыж

Жылагъуэ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэу 1700-м псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмщIата ахъшэм пэкIуэжу субсидиеу сом мелуан 26,4-рэ хуапшыныжащ. Ахъшэр къыхэкIащ щIыналъэ бюджетым.

СУБСИДИЕХЭР унагъуэхэм хуагъэкIуэж псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм папщIэ щIыналъэм нэхъыбэ дыдэу щатын хуейуэ щагъэува ахъшэм нэхърэ ар щынэхъыбэм, псэупIэм и инагъыр, метр зэбгъузэнатIэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, щIыналъэ мардэм щыхуэкIуэм деж. Ауэ, ЖКХ-м и IуэхутхьэбзэхэмкIэ щIыхуэ зытелъхэм апхуэдэ гулъытэ хуащIыркъым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм нэхъыбэ дыдэу цIыхухэм щIатыну ахъшэм и куэдагъыр зэрыхъун хуейр унагъуэм зэхэту къахэхъуэ ахъшэм и процент 15-рщ, пенсионерхэм я пенсэ ахъшэм и процент 12-рщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Ди къуэш республикэхэм

Я зэфIэкI щагъэлъагъуэ

АДЫГЕЙ. *Сеченов И.М. и цIэр зезыхьэ Япэ Мэзкуу къэрал медицинэ университетым щекIуэкIащ MEDUNITY RUSSIA хамэ къэрал щыщу дохутыр IэщIагъэм хуеджэ студентхэм я урысейпсо форум. Абы хэтащ Мейкъуапэ къэрал технологие университетым щIэсхэр икIи ещанэ увыпIэр къахьри, домбеякъ медалыр къыхуагъэфэщащ.*

ФОРУМЫМ я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ университетым и студентхэу Зеаитер Алий, Альсайед Абдалгхани, апхуэдэуи математикэмрэ физикэмкIэ и кафедрэм и доцент, медицинэ факультетым и деканым и къуэдзэ Нэгъуей Дженьет сымэ.

Iуэхум зэхуишэсат медицинэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэу Индием, Ираким, Ираным, Египетым, Мароккэм, Тунисым, Узбекистаным, Къазахъстаным, Китайм, Ливаным, Анголэм, нэгъуэщI къэралхэми къикIахэр.

Кремлым щагъэлъапIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид иритащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр.*

ГУЛЪЫТЭ лъагэр къыпэкIуащ Темрезовым КъШР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам.

Iуэху гуапэр Кремлым щекIуэкIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Кавказ Ищхъэрэ парламент зэгухьэныгъэм

Каспийск къалэм щекlуэкlащ Кавказ Ищхъэрэ парламент зэгухьэныгъэм и XIII конференцыр. Хабзэм тету, ар щlыналъэхэм гъуэрыгъуэурэ къыщызэрагъэпэщ. Мы гъэм чэзур къылъысат Дагъыстэн Республикэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат я пашэу, конференцым хэтащ республикэм и хабзэубзыху Iуэхущlапlэм и лlыкlуэхэр: Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкlэ, туризмэмрэ хьэрычэт Iуэхухэмкlэ комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур, Лъэпкъ зэхущытыкlэхэмкlэ комитетым и тхьэмадэ, Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь, Лъэпкъ зэхущытыкlэхэмкlэ комитетым и унафэщI, Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир сымэ.

ЗэIущIэр щlимыдзэ щlыкlэ, хьэщlэхэмрэ бысымхэмрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ Урысейм и Лlыхъужьхэм я фэеплъым икIи дзэ Iуэху хэхам хэкlуэдахэу Магомеджанов Магомедали, Исбакиев Магомед, Васильев Михаил, Худайнатов Фархад сымэ дакъикъэкlэ яхуэщыгъуащ. Абыхэм я цlэхэр уахътыншэ щащlащ Абдуллаев Б. Ю. и цlэр зэрихьэу Каспийск щыlэ уэрамым. Апхуэдэуи удз гъэгъахэр щагъэтlылъащ «Лэжьыгъэкlэ щытхъу зиlэ къалэ» фэеплъым деж.

Комитетхэр Iуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ: законодательствэм, къэрал ухуэныгъэм, щlыпlэ унафэр зехьэным; социальнэ, экономикэ, бюджет политикэм; промышленностым, щlэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм зегъэужьыным; АПК-мрэ щlыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ ехьэлlа Iуэхухэм; лъэпкъ зэхущытыкlэхэмрэ парламент зэпыщlэныгъэхэмрэ; щlалэгъуалэ Iуэхухэм, туризмэм, спортым.

XIII конференцым и зэIущIэ нэхъыщхьэм хуагъэхьэзыра жэрдэм псоми лlыкlуэхэр хэплъащ. Дагъыстэн Республикэм и Цlыхубэ Зэхуэсым и УнафэщI Аскендеров Заурщ зэгухьэныгъэм и Советым и зэIущIэр езыгъэкlуэкlар. Советым къищта унафэхэм ящыщщ СКПА-м хэтхэр къыкlэлъыкlуэ пlалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхуэсыныр республикэм и Парламентым пщэрылъ зэрыщащlар.

Депутатхэр конференцым щыхэплъащ федеральнэ законхэм я проекthэм, жылагъуэ гъащlэм мыхьэнэшхуэ щызиlэ Iуэхухэм ехьэлlауэ зэрызыкъыхуагъэзахэм.

ЗэIущIэм хэтхэм даlыгъащ федеральнэ законхэм халъхьэну къагъэлъагъуэ зэхъуэкlыныгъэхэм ятеухуа жэрдэмхэр. Ахэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щlалъхьэну унафэ ящlащ.

Къищынэмыщlауэ, къэралым и унафэщlхэм Iуэхугъуэ зыбжанэкlэ зыхуагъэзэну зэгурыlуащ. Абыхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщlагъакъуэ Iэмалхэр егъэфlэкlуэным, мэкъумэш щlапlэхэр зэlэпыхыныр хабзэм тету зэкlэлъыгъэкlуэным, налог тыкlэ нэхъ тынш къэзыгъэсэбэпхэм яхуэгъэзауэ УФ-м и Налог кодексым зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным епха жэрдэмхэр.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ я Iуэхухэмкlэ комитет къызэрагъэпэщыну къызэрыхалъхьам къыхэкlыу, Кавказ Ищхъэрэм и Парламент зэгухьэныгъэм и Уставымрэ Регламентымрэ зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьащ.

Апхуэдэуи унафэ къащтащ КИФЩI-м хыхьэ щlыналъэхэм я хабзэубзыху Iуэхущlапlэхэм деж Щlалэгъуалэ парламентхэм я зэгухьэныгъэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ.

Къардэн Мурат журналистхэм щепсалъэм, лэжьыгъэ купщlафlэ зэрырагъэкlуэкlар къыхигъэщри, конференцым хэтахэм фlыщlэ яхуищlащ, адэкlи зэдэлэжьэну зэрыщыгугъри жиlащ.

Гу зылъытапхъэ: СКПА-м зэкъуегъэувэ Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щlыналъэхэм я Парламентхэр. Зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэр хабзэубзыху Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуlунырщ, абыхэм яку дэлъ зэпыщlэныгъэхэр гъэбыдэнырщ, хабзэ щызекlуэ къэралым демократием, парламентаризмэм, федерализмэм зыщегъэужьыным щlэгъэкъуэн хуэхъунырщ, политикэ, экономикэ, социальнэ зэхъуэкlыныгъэхэм зэгурыlуэу бгъэдыхьэнырщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2025 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ»
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1 «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2025 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м
№291-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2025 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м

1-нэ статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2025 гъэм (адэкlэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа отчетыр къэщтэн, хэхъуэхэр сом 67138832,5-рэ, хэщlхэр сом 69126038,5-рэ хъууэ, хэщlхэр хэхъуэхэм нэхърэ сом 1987206-кlэ нэхъыбэу (республикэ бюджетыр зыхущыщlэхэр) икIи мыпхуэдэ бжыгъэхэм ятещIыхьауэ:

1) бюджетхэм я хэхъуэхэр зэрызэщхьэщыкI кодхэмкlэ 2025 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №1-м къызэрыщыгъэлъэгъуам тету;

2) республикэ бюджетым хэщlхэм я ведомствэ тегуэшэкlэхэмкlэ 2025 гъэм и республикэ бюджетым и хэщlхэр мы Законым и гуэдзэн №2-м къызэрыщыгъэлъэгъуам тету;

3) бюджетхэм я хэщlхэр зэрызэщхьэщыкlым и lыхьэхэмрэ lыхьэ къуэдзэхэмкlэ 2025 гъэм и республикэ бюджетым и хэщlхэр мы Законым и гуэдзэн №3-м къызэрыщыгъэлъэгъуам тету;

4) 2025 гъэм республикэ бюджетыр зыхущыщlэхэр иризыгъэкъуж хэкlыпlэхэм я кодхэмкlэ бюджетхэр зыхущыщlэхэр иризыгъэкъуж хэкlыпlэхэр мы Законым и гуэдзэн №4-м къызэрыщыгъэлъэгъуам тету.

2-нэ статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м
№16-РЗ

● ДифI догъэлъапIэ

ЩIэнгъуазэ пэлъытэ

ЩIэныгъэлIхэр щIэнгъуазэ пэлъытэу куэдым къалъытэ, сыту жыпIэмэ абыхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэчиймрэщ къызэралъытэр дэтхэнэ къэралми игъуэта зыужьыныгъэр. А щIэнгъуазэм и къулеягъым елъытащ жылагъуэм иIэ псэукIэм и фIагъыр, зэпэщыныгъэр. Зэлэжь щIэныгъэ унэтIыныгъэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьахэм, абыкIи жылагъуэм пщIэрэ щIыхьрэ къыщызыхьахэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Ало Владимир Зэчий и къуэр. Адыгэ еджагъэшхуэм и зэфIэкI куэд ноби ирехьэлIэ лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным.

ШЭДЖЭМ щIыналъэм хыхьэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1956 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м къыщалъхуащ Ало Владимир. Алохэ Зэчийрэ Мэржынэтрэ я унагъуэ зэгурыIуэм я бын пажэт Владимир. Адэ-анэм я бынхэр щIапIыкIащ езыхэм лъэпкъ фIыгъуэу къалъытэ лъапIэныгъэхэу адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ, гъэсэныгъэ екIу бгъэдалъхьащ, зэрыпсэун щIэныгъэрэ IэщIагъэри ирагъэгъуэтащ. Еджэным дихьэхыу, дунейм и зэхэлъыкIэ хьэлэмэтым щыгъуазэ зыхуищIыным хущIэкъуу къэхъуащ Владимир. Бгъэдэлъ гъэсэныгъэкIи, хэлъ Iэдэбагъэрэ зэхэщIыкIкIи ар ящыщт Шэджэм ЕтIуанэм дэт курыт школым и еджакIуэ нэхъыфIхэм, щапхъэ зытраххэм.

1973 гъэм щIалэщIэм курыт школыр къиухащ, еджапIэм и унафэщIхэри и егъэджакIуэхэри къыхуэарэзыуэ, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зэрызыIэригъэхьам щыхьэт техъуэ и аттестатыфIыр и Iэрылъхьэу. Куэд дэмыкIыу ар хъуащ КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым и студент. Зэрихабзэу, а илъэсхэри купщIафIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэдкIэ гъэнщIауэ ирихьэкIащ Алом. ЩIалэ жыджэрыр, акъылыфIэр зэхуэдэу хунэсырт ткIийуэ зыпэрыт еджэнми, дэзыхьэх щIэныгъэ-къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэми, университетым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми.

1978 гъэм Владимир КъБКъУ-р фIы дыдэу къиухащ икIи зыхуеджа «физикэ» унэтIыныгъэмкIэ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта IэщIагъэлI щIалэр еджапIэ нэхъыщхьэм къагъэнэжащ. А лъэхъэнэм университетым и ректору щыта Лъостэн Владимир къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Ало Владимир КъБКъУ-м и щIэныгъэ-къэхутакIуэ IэнатIэм щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу къащтащ икIи дэзыхьэх къэхутэныгъэхэм абы щыпищащ. ЩIалэм мурад ищIат бгъэдэлъ зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэну. А гуращэр иIэу, ар къыкIэлъыкIуэ илъэсым щIэтIысхьащ Москва дэт, щэкI зэIущэнымкIэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI институтым физикэмкIэ и кафедрэм епха аспирантурэм. «Полимерхэм я физикэмрэ механикэмрэ» щIэныгъэ унэтIыныгъэм епха лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ а лъэхъэнэм Алом. А къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу абы 1982 гъэм утыку кърихьащ кандидат диссертацэ купщIафIэ. Куэд дэмыкIыуи ар ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ УзССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Теплофизикэмкlэ и къудамэм, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэри къыфIащащ.

Бгъэдэлъ щIэныгъэми зэфIэкIми хэзыгъэхъуа щIалэщIэр аспирантурэ нэужьым ирагъэблэгъэжащ КъБКъУ-м ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэмкIэ и секторым щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу. Илъэс зыбжанэкIэ абы щыIауэ, КъБКъМУ-м физикэмкIэ и кафедрэм и доцент къулыкъур къыхуагъэфэщащ, иужькIэ а кафедрэм и унафэщI, абы и профессор хъуащ.

Студентхэр зэрыригъаджэм, зыпэрыт IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэ псори къызыхуэтыншэу къызэрызэригъэпэщым къадэкIуэу, Ало Владимир зэи IэщIыб ищIакъым сыт щыгъуи дэзыхьэхыу щыт къэхутэныгъэхэр. 2004 гъэм ирихьэлIэу Владимир хьэзыр ищIащ и доктор лэжьыгъэшхуэу щIэныгъэ дунейм гулъытэ ин щызыгъуэтар. Химие щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэ лъагэр къыпэкIуащ а къэхутэныгъэ купщIафIэм.

ИригъэкIуэкI къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ купщIафIэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ профессор цIэрыIуэм. Ахэр къытрадзэ ди къэралым, хамэ щIыпIэхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм, зытеухуа унэтIыныгъэ елъытауэ къэхутэныгъэ нэхъ купщIафIэхэр щызэхуэхьэса къыдэгъэкIыгъуэхэм, РАН-м къыдигъэкI академическэ журнал нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр 300-м нос, монографие зыбжани нэгъуэщI тхылъхэри яхэту. Зыпэрыт IэнатIэм пщIэ лъагэ щызиIэ лъэпкъ еджагъэшхуэр щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI зэхыхьэхэм, абыхэм я къэпсэлъапIэхэр хуит къыхуащIри, и Iуэху еплъыкIэхэр сэтей къыщещI. Ало Владимир ящыщщ зи псалъэм куэд щIэдэIухэм, зи Iуэху зехьэкIэр щапхъэу къалъытэхэм. Ар хагъэхьащ УФ-ми хамэ къэралхэми къыщыдэкI журнал цIэрыIуэ куэдым я редколлегиехэм. ЩIэныгъэлI икIи къэхутакIуэ, егъэджакIуэ икIи гъэсакIуэ Алом и щIыбагъ къыдэлъщ апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэ куэд. Абы и къэхутэныгъэхэр ди щIыпIэми нэгъуэщI щIыналъэхэми я IэнатIэхэм шэщIауэ къыщагъэсэбэп.

Ало Владимир гулъытэшхуэ хуещI щIалэгъуалэр щIэныгъэм хэшэным, къэхутэныгъэхэм дегъэхьэхыным. Абы и унафэм щIэту я кандидат диссертацэхэр ягъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ щIэныгъэлI ныбжьыщIэ зыбжанэм. ЕгъэджакIуэм пщIэшхуэ щиIэщ студентхэми къыдэлажьэхэми я деж. Алом къызэрилъытэмкIэ, щIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз ехъулIэныгъэ цIыхубэм абы щызыIэрамыгъэхьэми, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну. Псом хуэдэжкъым иджырей щIалэгъуалэр, абыхэм Iэмал псори яIэщ я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зыIэрагъэхьэну.

Жэуаплыныгъэ ин зыхищIэу IэнатIэм нобиhхьэлэлу пэрыт Владимир зэрихабзэу, дзыхь къыхуащI сыт хуэдэ къалэнри къызыхуэтыншэу зэфIех, адрейхэм щапхъэ, гъуазэ яхуэхъуу. И илъэс 70-м щыщу 50-м нэсыр Алом хуигъэпсащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. Илъэс 35-м щIигъуауэ абы студентхэм ядрегъэкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэри.

Апхуэдэу жыджэру гъащIэм, щIэныгъэм, жылагъуэ Iуэхухэм хэт цIыху щыпкъэм и IуэхущIафэхэм яхуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ ягъуэт. Ар ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ, ЕстествознаниемкIэ Урысей академием и член-корреспондентщ, «УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «УФ-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар зи пашэу щыта IэнатIэм РАЕН-м къыфIищауэ щытащ «Дыщэ кафедрэ» цIэ лъагэр, абы щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъри кърата щ. Апхуэдэу Владимир ягъэпэжащ нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэмкIи, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIи. Ар КъБКъМУ-м кандидат, доктор лэжьыгъэхэр пхыгъэкIынымкIэ и диссертацэ советым хэтщ, РАЕН-м и Эксперт советми пщIэ хуащIу хагъэхьащ. ЖыпIэнурамэ, кърата дэтхэнэ дамыгъэри, тхылъ лъапIэри, гулъытэ лъагэри къыпэкIуащ щIэныгъэлIым и лэжьыгъэфIым.

Къызыхэкlа адыгэ лъэпкъыр, зыщыщ жылэр, и унагъуэм исхэр зэрыгушхуэ щIэныгъэлI щыпкъэ Ало Владимир Зэчий и къуэм дохъуэхъу лэжьыгъэм хуиIэ гукъыдэжымрэ жыджэрагъымрэ хэмыщIу, и щIыхьымрэ и щытхъумрэ хэхъуэ зэпыту, узыншагъэ быдэ иIэрэ и унагъуэ дахэми зыпэрыт IэнатIэми хуэгъэпса и мурадхэр къехъулIэу, ди республикэр, къэралыр ипэкIэ зыгъэкIуатэ къэхутэныгъэщIэхэр и IэрыкIыу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысеймрэ Лаосымрэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаилрэ Лаосым и премьер-министр Сипхандон Сонсайрэ Москва щызэIущIащ. КъэралитIым я правительствэхэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ-гуманитар Iуэхухэмкlэ я зэдэлэжьэныгъэр зэрекIуэкIым.

УРЫСЕЙМ Ипщэ-КъухьэпIэ Азием щиIэ и IуэхущIэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщщ Лаосыр. Къэралхэм я зэпыщIэныгъэр икъукIэ щхьэпэ мэхъу лъэныкъуитIми я экономикэм зиужьынымкIэ.

«Ди къэрал зэхуаку зэпыщIэныгъэхэм я лъабжьэр зэныбжьэгъугъэм и хабзэхэр зэрыдгъэзащIэрщ, пщIэ ди зэхуаку дэлъу, зым и сэбэп зыхэлъыр адрейм къилъытэу дызэрызэхущытырщ. Нэгъабэ дгъэлъэпIащ дипломат зэхущытыкIэхэр зэхудиIэ зэрыхъурэ илъэс 65-рэ зэрырикъуар. ЛъэныкъуитIым зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр гъэзэщIа хъунымкIэ правительствэхэм жыджэру я лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI, унэтIыныгъэ щхьэхуэхэми ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрыдгъэхьащ», - жиIащ Мишустин Михаил.

Урысеймрэ Лаосымрэ адэкIэ я мурадщ промышленностым, энергетикэм, транспортым, мэкъумэш хозяйствэм теухуауэ зэгъусэу ягъэзэщIэну проектхэр къызэрагъэпэщыну.

«ЕГЭ-м и щIэблэ»

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр щат лъэхъэнэм хиубыдахэм щIэныгъэшхуэ ябгъэдэмылъу ирагъэкIуэкI псалъэмакъхэм лъабжьэ зэрамыIэр жиIащ «Рособрнадзор»-м и унафэщI Музаев Анзор.

- «ЕГЭ-м и щIэблэрщ» иджыпсту фIагъышхуэ зиIэ технологие лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIыр. «Адэхэмрэ бынхэмрэ» жыIэгъуэр жыжьэ къыщожьэ. Нэхъыжьхэм сытым дежи къалъытэ езым я деж къэралым и зыужьыныгъэр къыщыувыIауэ. Ар пэжкъым. Сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыужьыныгъэщIэхэр къыздехь. УнэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лажьэ предприятиехэм, университетхэм, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм нэхъыбэу щыплъагъур зи ныбжьыр илъэс 35-м нэмыса щIалэгъуалэрщ, ахэр зыуэ щыт экзаменхэр зыта щIэблэрщ», - жиIащ абы.

Амурскэ областым щыIэ КъуэкIыпIэ космодромымрэ газым елэжь заводымрэ зэрыщыIам и гугъу щищIыжым, абы къыхигъэщащ къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэм пэрытхэм я нэхъыбэр «ЕГЭ-м я щIэблэу» зэрыщытыр икIи жиIащ щIалэгъуалэм я зэфIэкIым шэч къызэрытримыхьэр.

Мэкъуауэгъуэм и 18, *махуэку*

♦**1940 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI **Индрис Залымхъан**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ало Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 19, *мэрем*

♦**1951 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Соблыр Андемыркъан**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 19: 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 30: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 17-р щIалэщ.

Мэкъуауэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 381-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4054-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи жьэ зэIумыщIэм я гухэлъ зэрыщIэркъым.

Гум къыбгъэдэкIыу

Урысей гвардием Налшык къалэм ведомствэм хэмыт и хъумакIуэ къудамэм и лэжьакIуэхэр хэтащ «Зы гум къыбгъэдэкIыу адрейм хуэкIуэу» зыфIаща акцэм. Ар екIуэкIащ Лъы зытым и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу.

РЕСПУБЛИКЭМ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм лъы щыхаш и станцым Урысей гвардием къулыкъур щезыхьэкIхэм ящыщу цIыху 20-м лъы щатащ хуэныкъуэхэм папщIэ. Акцэм ипэ къихуэу абыхэм я узыншагъэр къапщытащ.

- А IэнатIэм и лэжьакIуэхэм щIэх-щIэхыурэ лъы ят къызэдгъэпэщ донор Iуэхухэм хыхьэу, апхуэдэуи медицинэ IуэхущIапIэхэм пIэщIэгъуэкIэ зыкъыщытхуагъазэм дежи, - жиIащ станцым донорхэм япыщIауэ щыIэ и къудамэм и унафэщI, дохутыр-трансфузиолог АфIэунэ Майе.

Лъы щыхаш станцым и унафэщIхэм ящыщхэм хабзэхъумэхэм фIыщIэ хуащIащ гудзакъэ зэрахэлъымрэ дэIэпыкъуэгъу хъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырымрэ папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

МыIэрысэм дыкъыдехыж

Урысей Федерацэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщагъэкIым и куэдагъымкIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэр къэралым щыпэрытщ икIи ерыскъымкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ абыхэм я хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ, жиIащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Разин Андрей, Минводы щекIуэкIа «PROяблоко-2026» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм щыIэу.

КЪУЛЫКЪУЩIЭМ къызэрыхигъэщамкIэ, къэралым пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу къыщрахьэлIэжым и процент 73-м щIигъур Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Къырымым зэхэту къалъос. Апхуэдэу щыхъукIи, УФ-м мыIэрысэу къыщыпачыжым и куэдагъым хуэдищкIэ хагъэхъуащ, иужьрей илъэси 10-м къриубыдэу тонн мелуани 2-м нызэрыхьэсащ. Мыбдежым, шэч къытумыхьэжыну, Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыпэрытщ.

МэракIуащхъуэм зрат



Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм мэракIуащхъуэу (голубикэ) къыщрахьэлIэжым и куэдагъымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ итщ. А мэракIуэ лIэужьыгъуэм щыщу псори зэхэту КИФЩI-м илъэс къэс щызэщIакъуэж хабзэ тонн 440 - 450-м щыщу тонн 300-р ди республикэм къыщагъэкI е псоми зэхэту яхуэзфIэкIым и процент 70-м нэблагъэ мэхъу ар.

АБЫ нэмыщI, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу КъБР-м япэу щыщIадзащ мэракIуащхъуэр мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм къыщагъэкIын. ИкIи, иужьрей илъэсхэм ди деж апхуэдэу къыщрахьэлIэжым и куэдагъым ди гъунэгъу щIыналъэхэри тригъэгушхуащ я дежи ар щащIэну.

Къищынэмыщlауэ, мэракIуащхъуэр республикэм и унагъуэхэми жыджэру къыщагъэкI хъуащ икIи, щIэупщIэм зэрыхэхъуэ зэпытыр къэплъытэмэ, нэхъыбэжым абы зэрызратынум шэч хэлъкъым.

ЕрыскъымкIэ шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ



Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2026 гъэм и щIышылэм - мэлыжьыхьым кърииубыдэу республикэм и фермер, уней IуэхущIапIэхэм лырэ джэдкъазылу къалэжьам и куэдагъым проценти 4,3-кIэ хагъэхъуащ.

МИНИСТЕРСТВЭМ къыщыхагъэщащ ди щIыналъэм и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт мэкъумэш IуэхущIапIэхэр щIыналъэм ерыскъымкIэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным жыджэру зэрегугъур. ЖыпIэнурамэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым лы продукцэу къыщыщIагъэкIым и процент 26-м щIигъур фермер, уней IуэхущIапIэхэм къалъос.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым лырэ джэдкъазылу къыщалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 35,7-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Мэкъумэш хъыбархэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Ныпыр къысхуфIэдзэнукъым

Иджыблагъэ интернет хъыбарегъэщIапIэхэм щызэбгратыкIащ Израилым и дзэ ЦАХАЛ-м хэкIыжа щIалэм жиIэжахэр. Палестинэм щекIуэкIым гущIэгъунэкIэ узэреплъым къыдэкIуэу, абы лей зэрыщызэрахьэр захуагъэу къызыщагъэхъуахэм я гупсысэкIэми зыщыбгъэгъуэзэныр щхьэпэщ.

«ПАЛЕСТИНЭМ щызекIуэ цIыху псори къызэрытлъытэр террористут, - игу къегъэкIыж щIалэм. - Дзэм сыкъыхэкIыжа нэужьщ Iуэхур зыIутыр къыщызгурыIуар. Зауэм сызэрыхэтрэ, си фIэщу сегупсысырт Газэм дыщызэуэныр ди Хэкур фIыуэ зэрытлъагъум и щыхьэт екIуу, езы дызэзауэхэми дапэщIэувэну фIэкIа, нэгъуэщI Iэмал къытхуамыгъэнауэ. Абдежым щызетхьэ лIыгъэм тхыдэми пщIэ къыщытхуилэжьыну. Газэм щедгъэкIуэкIа зауэр хабзэ гуэрым тетауэ пхужыIэнукъым. «Граждан цIыхубэ» жыхуаIэ псалъэр къэдгъэсэбэпыххэртэкъым. «Мыбдежым фиIэпхъукI» зыжраIахэр а унафэм щемыдэIуакIэ, къэна псоми ди Iэщэхэр ятедгъэпсэну дыхуиту къэтлъытэрт. Армэ кIуэгъуэм хиубыдэ ныбжьхэрт дызэзауэр, ауэ «армэ кIуэгъуэм» хедгъэубыдэрт илъэс 16-м щегъэжьауэ 60-м нэса псори.

Си унафэм щIэтхэм яукIа цIыхухэм я нэхъыбэм Iэщэ яIыгъакъым. Дызэзауэр хэтми щыдмыщIэ къытхуихуэрт: унэ зэхэкъутахэм зыгуэр щызепщыпщэу тлъагъумэ, ар цIыхункIи мыцIыхункIи хъунут. Плъырым и нэр зызыгъэхъей гуэрым тохуэри йоуэ, шэр зытехуэр хэтми сытми тщIэркъым.

«Хьэ зекIуапIэ» жаIэри зыгуэр щыIэт абдежым, Израилым и сэлэтхэм я хэщIапIэм пэгъунэгъуу. Журт сэлэтхэм я гъунапкъэм ибэкъуа псори асыхьэтым яукIырт, итIанэ абдежым хьэхэр къыщызэхуэсырти, хьэдэхэм егъуурт. Арат «хьэ зекIуапIэ» щIыфIащар.

Израилым и зауэлIхэр телефонкIэ щызэпсалъэкIэ, «фIейхэр» жаIэрт Палестинэм щыщхэм щхьэкIэ. «Газэм щакIуэ сокIуэ» псэлъафэр къыщежьар абдежырщ.

ЩIэпхъуэжахэм я унэхэр яубыда нэужь, зыхуей хьэпшыпхэр къыщIанэрт, адрейхэр къыщIадзырт. Уэрамхэр бамэм зэщIиштауэ апхуэдэт, шыдхэр щыгъуахъуэу. Ауэ псоми уосэ».

ЩIалэр унэм зыгъэпсэхуакIуэ кIуэжа нэужь, и унагъуэр къеупщIауэ жеIэ: «Сыт Газэм щыIэ унэхэр щIагъэсыр?» «Жэуап естыфакъым, - зыкъеумыс щIалэм. - Зыри шынагъуэ къабгъэдэкIыртэкъым абыхэм, ауэ фэтэрхэм куэдрэ мафIэ щIадзащ. Хуэмурэ псоми къагурыIуащ зауэр Нетаньяху и щхьэ Iуэху къудейуэ зэрыщытыр. Нобэ сэ сригушхуэжыркъым Израилым сызэрыщыщым. Уеблэмэ абы сытоукIытыхь. Европэм сыщыщыIам, я унэхэм нып къыфIэзыдзэхэм сехъуапсэрт, я Хэкур фIыуэ зэралъагъум щхьэкIэ. Сэ си унэ гупэм зэи къысхуфIэдзэну къыщIэкIынкъым си къэралым и ныпыр».

Си унэжь - дакъэжь мафIэ

Дунейпсо цIыхубэм зэтехуэу ягъэлъапIэ «ЩтапIэ ихьэжахэм я махуэр». Ар хуозэ мэкъуауэгъуэм и 20-м. ООН-м и къэпщытэкIэмкIэ, дакъикъэ къэс цIыху 20-м щыпсэу я хэкур ябгынэри, нэгъуэщI щIыпIэ мэIэпхъуэ, яукIынкIэ е ягъэтIысынкIэ зэрышынэм къыхэкIыу.

Я ХЭКУ имысыжхэм я бжыгъэр цIыху мелуани 116-м ноблагъэ, 2026 гъэм къызэрапщытамкIэ. Абыхэм ящыщу мелуан 70-р къэрал щхьэхуэхэм я гъунапкъэм имыкIыу IэпхъуэмэМ, адрейхэр хамэ къэралхэм макIуэ. И унэр ибгынэн папщIэ, цIыхум щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къыхукъуэкI хабзэр зауэхэрщ. ЩтапIэ ихьэжын папщIэ цIыху зэрыIэпхъукIа къэралхэм нэхъ къахощ Афганистаныр, Венесуэлэр, Сириер, Мьянмэр, Суданыр, Палестинэм хыхьэ Газэ щIыналъэр, Украинэр. 2026 гъэм тещIыхьауэ къапщтэмэ, Сирием иIэпхъукIахэм я бжыгъэр мин 13-м щIегъу, Суданым - мин 12-м, Украинэм - мини 10-м, Афганистаным - мини 9-м, Конгэм - мини 8-м, Венесуэлэм - мини 7-м. ЩIэпхъуэжахэм псэупIэ нэхъ щагъуэтхэм яхохьэ Тыркур, Пакистаныр, Ираныр, Колумбиер, Германиер. Щхьэж нэхъ пэгъунэгъу къэралым мэIэпхъуэ жыпIэми, ущыуэнукъым.

Политикэ псалъалъэм ипкъ иткIэ, «щтапIэ ихьэжа» лIэужьыгъуэм хохьэ езыр щыпсэу къэралыр абы къыщыхъея щытыкIэ гугъум и зэранкIэ ибгынэу нэгъуэщI щIыпIэ IэпхъуэР, ар IэщэкIэ зэпэщIэтыныгъэ, дуней къэхъукъащIэ, къызыхэкIа лъэпкъым е зэрихьэ диным, къыдалъхуа фэм е зыхиубыдэ цIыху гупым елъытауэ зэхэзехуэн ящIа ирехъу. Зи адэ-анэр къедбжэкIахэм я зым хиубыдэу Iэпхъуа щIэблэри «щтапIэ ихьэжахэм» ящыщ мэхъу. Псалъэм папщIэ, ищхьэкIэ къэтхьа бжыгъэхэм я зэхуэдитIыр сабийщ.

Хэхэс хъуным тегушхуэ псори, дауи, щтапIэ ихьэжа защIэу щыткъым. Езыхэм я гукъыдэжкIэ я Iуэху нэхъ щыдэкIыну зыщыгугъ къэралхэм куэд мэIэпхъуэ. Щхьэхуимыту икIахэм ящыщу, зи Хэку зыгъэзэжхэм я бжыгъэр хуэгъэфэщауэ мелуани 5-м нэсынщ, зы илъэсым тещIыхьауэ.

Адыгэм дежкIэ гугъукъым мы псалъэ къызэрыгуэкIым къызэщIиубыдэ мыхьэнэм и инагъымрэ и гущIэгъуншагъымрэ къыгурыIуэну. Тхыдэр къэгъэнауи, дызэрыт зэманми тхегъэщI цIыху бжыгъэшхуэ, щхьэусыгъуэр нэгъуэщIу щытми.

«Кавказ Ищхъэрэм 2030 гъэм ирихьэлIэу цIыху мини 110-рэ хэщIынущ, - етх «Магас хъыбархэр» къыдэкIыгъуэм. - Кавказыр игъащIэ лъандэрэ цIыху бжыгъэм нэхъ псынщIэу щыхэхъуэ щIыналъэхэм хабжэу къокIуэкI, ауэ зэманыр мащIэу тоIэзэщIыхьыж а еплъыкIэм. КъэпщытакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, КИФЩI-м куэд дэмыкIыу цIыху мини 112-м нэс иIэпхъукIынущ. Иджыпсту Кавказым цIыху мелуани 10-м нэс ису къапщтэмэ, абы хиубыдэ щIыналъэ псоми цIыхуу къахэхъуэр нэхъ мащIэ хъуащ. ЩIэблэ къызыщIэхъуапхъэ ныбжьым итхэм ящыщу нэхъыбэ зэрыIэпхъукIхэм ящыщщ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ».

Урысейм и бжыгъэрыбжэ IуэхущIапIэм (Росстат) къызэригъэлъагъуэмкIэ, Кавказым цIыху мин 770,1-рэ къыхэхъуэну, щыпсэухэр мелуани 10,7-м нэсыну ущыгугъ хъунущ 2036 гъэм ирихьэлIэу. Ауэ а бжыгъэм хэщIу, цIыху мелуани 9,8-рэ фIэкIа къэмынэнри Iуэхум хэлъщ.

Тхыдэ тхылъхэм дащыхэджыхькIэ, Хэкур зыфIагъэкIуэдахэм дахуэщыгъуэу, ди хъуреягъкIэ зыщытплъыхьмэ, ар езыхэм я гукъыдэжкIэ зыбгынэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр ди нэгу щIокI... Узэгупсыс хъун куэд хэлъщ мы Iуэхум.

ЛъыкIэ ядогуашэ

Бжыгъэр зи лъабжьэ технологием псынщIэ дыдэу зыщиужь иджырей дунейм зэхъуэкIыныгъэншэу къанэ лъапIэныгъэхэр щыIэщ. Абыхэм ящыщ зыщ гъунэгъум дэIэпыкъун зэрыхуейр, ар ди цIыхухэм хьэлыфIу зэрахэлъыр. Апхуэдэ гулъытэ гуапэм и щапхъэ наIуэщ «Урысейм щIыхь зиIэ и донор» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ къулыкъущIапIэм илъэс 20-м щIигъукIэ пэрыта Джэдмыщх Борис.

БОРИС иджыри студенту лъы итын щIидзащ. Балигъ гъащIэм зэрыхэбакъуэри, хьэл хуэхъуауэ, цIыхухэм ядэIэпыкъуну Iэмал иIэмэ, блигъэкIыркъым. Абы хэлъ гумащIагъымрэ гущIэгъумрэ къапэкIуа IуэхуфIщ ар. Илъэс куэд лъандэрэ щIэхщIэхыурэ макIуэ лъы щыхаш станцым, абы ит лъым зыгуэрым и гъащIэр къызэрыригъэлынур хьэкъыу пхыкIауэ ещIэри.

Абы къыхэкIыу къэралым и донор зэщIэхъееныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ зегъэужьыным илъэс куэдкIэ хуищIа хэлъхьэныгъэм къыпэкIуащ и цIэ лъапIэр. Ар къыпфIащын папщIэ лъы пщIэншэу 40-рэ е нэхъыбэрэ птын хуейщ. Ар хузэфIэкIащ Борис

Джэдмыщх Борис зыпэрыта IэнатIэри жылагъуэ зэIузэпэщыныгъэм, хабзэр ягъэзэщIэным епхащ. Абы МВД-м лэжьэн щригъэжьащ, итIанэ илъэс куэдкIэ Шэджэм щIыналъэм участковэу щыIащ. Къулыкъу щищIа илъэсхэм кърихубыдэу ар куейм щыпсэухэм ядэIэпыкъуащ, гугъуехь хэхуахэм защIигъакъуэу, апхуэдэуи и лэжьэгъухэр къыхуэарэзыщ пщIэ яхуищIу зэрахэтам папщIэ.

Илъэс 20-м щIигъукIэ лэжьа нэужь, Борис пенсэм кIуащ. Ауэ абы и Iэр зэтедзауэ тIысыжакъым, иджыри цIыхухэм сэбэп яхуэхъуу къогъуэгурыкIуэ, лъы тынри щигъэтакъым. Ар и щапхъэщ жэуаплыныгъэ зыхэлъ цIыху нэсым.

Борис зрикIуэ гъащIэ гъуэгуанэм щIэгъэкъуэн щыхуохъу и унагъуэ быдэр. Илъэс 24-рэ мэхъу Маринэрэ абырэ унагъуэ зэрызэдаухуэрэ, абыхэм бынитху зэдапIащ. Бынунагъуэ лъэрызехьэм зэгурыIуэныгъэр, дэIэпыкъуныгъэр, гущIэгъур, хабзэр щытепщэщ.

Борис къурихьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури Маринэ деIыгъ. Уеблэмэ пщIэншэу лъы итурэ сымаджэхэм зэрадэIэпыкъур къыдищтауэ, бзылъхугъэми щIэх-щIэхыурэ лъы ет, абыи «Урысейм щIыхь зиIэ и донор» цIэр къызэрыфIащынур ди фIэщ мэхъу.

Джэдмыщх Борис и лэжьэгъухэмрэ и цIыхугъэхэмрэ къыхагъэщ и щэныфIагъыр: ар зэи щIыхьым хущIэкъуакъым, атIэ хэти дэIэпыкъуну гурэ псэкIэ хуейуэ къекIуэкIащ икIи иджыри къыздэсым абы тетщ. Абы и гъащIэ гъуэгур Iуэхугъуит Iым тещIыхьащ - хабзэр хъумэнымрэ цIыху гъащIэр къегъэлынымрэ.

ДЗЫХЬМЫЩI Даринэ.

Зытхар мынаIуэу

Газет тедзэгъуэм ирихьэлIэу, дуней хъурейм зи цIэр фIыкIэ хэIуа къыдэкIыгъуэхэр зэдгъэцIыху ди хабзэщ. Нобэ и чэзущ Инджылызым щаубла, дызэрыт зэманым Америкэм къыщыдэкI «Экономист»-м.

1843 гъэм уней газету гъуэгу теувауэ щытащ зи гугъу тщIыр. Иджы мэрем къэс традзэ къыдэкIыгъуэр езыр журналкIэ зоджэж, лъэныкъуэ куэд къызэрызэщIиубыдэм къыхэкIыу. ЦIыхубэр пэжкIэ щыгугъ зэпытщ «Экономист»-м, апхуэдиз илъэсым и пщIэр кIэрымыхуауэ. Ар зэрихъумэ Iэмалхэри гъэщIэгъуэнщ.

Бжыгъэхэр зи лъабжьэ Iэмэпсымэхэр къызэрежьэрэ, «Экономист»-р тхылъымпIэу зэрытрадзэ бжыгъэм хэрзынэу хэщIащ. ИтIани, электрон къыдэкIыгъуэхэр, видеохэр, къинэмыщI нобэрей журналист Iэмалхэр хэту, мы газетым щIэджыкIакIуэ мелуан 35-м нэс къызэщIеубыдэ. Мы газетыр зэрызэрахьэ щIыкIэм нэхъ дыкъэзыгъэуIэбжьауэ хэлъыр сыт жыпIэмэ, абы къытехуэ тхыгъэхэм журналистым и цIэр зэрыкIэщIамытхэрщ. «Экономист»-м мыр етх», - апхуэдэущ я хъыбархэр утыкум зэрырахьэр. Дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри цIэрыIуэ зыщIыр адрейхэр зытемыгушхуэ гуэр къызэрытридзэрщ. Е, нэхъ пэжу жыпIэмэ, куэд зытемыпсэлъыхьыф Iуэхугъуэхэм я щхьэ зэрытрачырщ. Уегупсысми, тхыгъэхэм журналистхэм я цIэр зэрыкIэщIэмытым абы и пщIэм хигъахъуэ фIэкIа, хигъэщIыркъым, япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, «фэжагъуэ къэхьын» узу дэ дызыщыщтэм къызэрелын Iэмал мыбыхэм къызэрагъуэтам шэч къытевмыхьэ. Мыбы къытехуэхэр зытхар зэрабзыщIыр зигу иримыхь щыIэщ, дауи, жэуаплыныгъэ ирагъэхьэну Iэмал зэрамыгъуэтым щхьэкIэ. Ауэ къыдэзыгъэкIхэм я еплъыкIэми хьэтыр игъуэтыпхъэщ: цIэ зыкIэщIэмыт тхыгъэхэр цIыхубэм я макъыу къэплъытэну нэхъ тыншщ, «псоми мыр я еплъыкIэщ» жыпIэ хуэдэу. Зытхар хьэрф къудейкIэ къыщагъэлъагъуи щыIэщ, е тхыгъэр зейр цIыху цIэрыIуэмэ, апхуэдэхэр ябзыщIыркъым. Езыхэм я журналистхэм я цIэ-унэцIэр сыт щыгъуи щIэхъумауэ къонэ.

«Экономист»-м и хъэтIыр къуегъэцIыхуж абы и тхэкIэм ауан щабэ зэрыхэлъымрэ зи гугъу ящI Iуэхугъуэхэм ехьэкIкъехьэкI хэмылъу и цIэ дыдэр къызэрыраIуэмкIэ. Уеблэмэ къэрал унафэщIхэм хуиту зэратепсэлъыхьым къыхэкIыу, газетыр щIэх-щIэхыурэ хеящIэ пащхьэм къыщохутэ.

Узымыгъэтынш хьэлыр хъуэжыпхъэщ

«Щабэу еубгъу, ауэ ущыжеину къурэщ» жиIэу псалъэжь гуэр яIэщ урысхэм, мурадыфI зимыIэр къыуагъэцIыхуну щыхуейм деж къагъэсэбэпу. «Езым фIимыгъэжар хьэрэмщ», - жыдоIэ адыгэхэм, «делэхэм яфIэкI губзыгъэу» зыкъыщытщыхъужым деж. Ауэ дэри къытфIэкIхэр щыIэщ.

«ХЭТ гугъу нэхъ уезыгъэхьыр?» - жаIэу иджыпсту зыгуэр къыдэупщIмэ, дэтхэнэ зыми ди цIыхугъэ, благъэ, лэжьэгъу, гъунэгъу ирехъу, дызыдэмытынш щхьэхуэфI гуэр ди нэгум къыщIэувэнущ. Къыдалъхуа фIым зригъэужьыну Iэмал зэзымытыжыф, ауэ щыхъукIэ, ар къызэхъулIэхэр «дунейм тезыхуж» цIыхухэм иджырей психологие щIэныгъэр «манипулятор»-кIэ йоджэ. Мы гъэм илъэси 105-рэ ирикъунущ дызытепсэлъыхь хьэлым и зы Iыхьэ дэтхэнэ зыми зэрытхэлъымрэ ар зэрыпхъуэжыну Iэмалхэмрэ япэу тепсэлъыхьа америкэн психолог Шостром Эверетт. «Человек-манипулятор» зыфIища Шостром и тхылъыр Iэрытхыу къэрахьэкIыу щытащ, яхуэзэрымыгъэгъуэту. Уеблэмэ 2008 гъэм урысыбзэкIэ къыдэкIари зэдзэкIыгъэ нэгъэсауэ къалъытэркъым, апхуэдизкIэ цIыхубэр зыхуэныкъуэ Iуэхущ щIэныгъэлIыр япэу зытепсэлъыхьари.

Шостром зэрыжиIэмкIэ, мащIэ-куэдми, дэтхэнэ зыми тхэлъщ адрейхэр зэхэзехуэн дэзыгъэщI хьэлыншагъэ тIэкIу. Ауэ щхьэж зы лIэужьыгъуэ гуэрым нэхъ тыдогъащIэ. Мыхьэнэм зебгъэубгъумэ, езыр зыхуейр кIуэцIрызыгъэкI зэпытырщ манипулятору къэплъытэнур. Зыми фIэмылIыкIыу, е уеблэмэ, я гуапэ зэрымыхъунур ищIэу, езым и еплъыкIэмрэ нэхъ къищтэмрэ япэ изыгъэщ, зыхуейр адрейхэм къапызых цIыху псори апхуэдэщ. Шостром зэреплъымкIэ, апхуэдэ зэхэтыкIэр жылагъуэм хьэл хуэзыщIар цIыхур ахъшэ къызыпыкIыпхъэ хьэпшыпу зыгъэува, щэн-щэхуэныр хабзэ нэхъыщхьэу зыукъуэдия бээзэр зэхэтыкIэрщ.

Дауи, шэч хэмылъу, Iуэхур зыхуей хуэзэн папщIэ, абы нэхъыфIу хэзыщIыкIым и унафэр япэ игъэщыпхъэщ. Психологыр зытепсэлъыхьыр нэгъуэщIщ. Езыр-езыру зи гъуэгур зылъэхъэж, къыдалъхуа куугъымрэ дахагъымрэ зыIэщIэкIуэдэж цIыху зэрызумыгъэхъунырщ Шостром гу зылъыуигъэтэну зыхуейр. Мы хьэл мыгъуэм щыщу пхэлъыр зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу зыгурыбгъаIуэу, абы къыпэщIэт «зызыузэщI» лIэужьыгъуэм узэрыхуэкIуэным ухущIэкъун хуейщ. УрысыбзэкIэ «актуализатор» псалъэм къырагъэзэгъа иужьрей хьэлыфIым япэу и гугъу ищIын щIэзыдзар Шостром и егъэджакIуэ, «гуманитар психологие» унэтIыныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Маслоу Абрахамщ. Зиузэщ Iыным нэхъ тезыгъащIэ цIыхур, япэрауэ, адрейхэм нэхъ гушхуауэ ябгъэдэтщ, гъащIэм дзыхь зэрыхуищIым къыхэкIыу. Ар зэлIалIэр езым хуэдэхэм фIы защIэкIэ зэрадекIуэкIынырщ, ахэр хьэпшыпу къилъытэу, къапыкIыныр къаIэщIигъэкIыу аракъым.

Шостром зэреплъымкIэ, манипуляторкIэ узэджапхъэр къобгъэрыкIуэ зэпыту къыббгъэдэтхэм я закъуэкъым. НэгъуэщIым и пIэ имыувэф, иувэнуи хуэмей, зыми фIэмылIыкI псори хеубыдэ мы лIэужьыгъуэм, ар зи макъыр дэзышей унафэщI, е къарууншафэ зытригъауэурэ, езыр зыхуейм щхьэхуимыту уезыхулIэ «щэху бзаджэ», е «зигъэщIалэжьу» и пщIэ хэIэтыкIам ухуэзыгъэпщылI щхьэхуэфI ирехъу. «Дэ къыдгуроIуэ манипуляторым фIыуэ зэрызимылъагъужыфри, къыдалъхуа зэфIэкIыр насыпыфIэу зыкъилъытэжыным зэрыхуимыгъэлэжьэфри, - етх Шостром. - Абы псэуныгъэм хищIыхьыфыр зы закъуэщ: адрейхэм якIэлъыплъыныр. Уегупсысмэ, апхуэдэу уэри, сэри - псори дыщытщ. Иджырей цIыхум нэхъ къыбгурымыIуэ дыдэу хэлъри ар зыIэщIэмыкIыф бэлыхьри сыт жыпIэмэ, хузэфIэмыкI щымыIэу, дунейр зэрызэхэлъ щIыкIэм апхуэдиз хищIыкIрэ пэт, ар езыр и щхьэм сэбэп зэрыхуэхъужыфыну Iэмалхэм яхуэкъэплъэнэфу къонэ».

«УфIыну нэхъ тыншщ, уIеин нэхърэ», - жаIэ адыгэхэм. Шостроми аращ и тхылым щыжиIэр, ауэ ар къызэрыбгурыIуэ къудейм уи хьэлыр ихъуэжыркъым: узэлэжьыжын хуейщ, уи зэран зыми емыкIын хуэдэу.

Хьэршым кIэлъыплъхэр мэбзэх

США-м иджыблагъэ дэфтэр гъэщIэгъуэнхэр къыщагъэнэIуэн щIадзащ. Иджыри къэс ябзыщIа, хьэршым теухуа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуауэ къыщIэкIащ псэущхьэ гъэщIэгъуэнхэр. Ауэ а Iуэхум елэжьа щIэныгъэлIхэм къащыщIым псори егъэгузавэ.

1940 гъэхэм щегъэжьауэ, США-м НЛО-хэм, хьэршым къикIауэ зыхуагъэфащэ объектхэм епха къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI. 1970 гъэ лъандэрэ США-м и президент псори кIэлъоплъ мы Iуэхум. Дызэрыт зэманым унафэр зыIэщIэлъ тепщэгъуэр а къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр къигъэнэIуэным тегушхуащ. Пентагоным иджыблагъэ утыку кърихьащ 1947 - 2025 гъэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм епха дэфтэри 161-рэ. Абыхэм яхэтщ Мазэм лъэтауэ щыта «Аполлон-17» уэгу зекIуэм епхахэри.

1965 гъэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ятеухуа дэфтэрхэр адрейхэм зыгуэркIэ къахощ. А илъэсым нэхърэ нэхъыбэ «хьэрш объект мыцIыху» щалъэгъуа къахуихуакъым. ГъущIым къыхэщIыкIа хьэрш кхъухьхэм я къутахуэхэр къызэрагъуэтам нэмыщI, я лъагагъкIэ сантиметри 107 - 122-м нэсын псэущхьэхэр абыхэм я Iэгъуэблагъэм итащ, я щхьэхэр зыхъумэ тажхэр (скафандрхэр) ящхьэрыгъыу. КъагъэнэIуа дэфтэрхэм щэнейрэ «къэзылъэтыхь тепщэч» щалъэгъуауэ итщ. А псори Пентагоным накъыгъэм и 8-м утыку кърихьащ. США-м и Унэ Хужьым ахэр нобэр къыдэсым ибзыщIащ.

Ауэ нэхъ шынагъуэ гуэри щыIэщ. Мы Iуэхум елэжь щIэныгъэлIхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ мэкIуэд. Хьэршым елэжь IэщIагъэлI 11 иужьрей зэманым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэкIэ бзэхащ. ЯукIа? Ядыгъуа? Езыр-езыру загъэпщкIуа? А упщIэхэм я жэуапыр къалъыхъуэ конгрессым хэтхэу Кемер Джеймсрэ Берлинсон Эрикрэ.

Зи кIуэдыкIэм игъэгузавэ щIэныгъэлI псоми хьэршым зыгуэр щыпсэункIи зэрыхъунум епха къэхутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу щытащ. Къэралым а щэхухэр зэрихъумэм къыхэкIыу, мыбыхэм къащыщIар зэкIэ хэIущIыIу ящIыркъым, ауэ зи цIэ къитIуахэм иджы тепщэгъуэр хагъэзыхь Iуэхум и пэжыпIэр щIамыхъумэну. ЦIыхубэр ар ищIэну хуит щхьэкIэ, жаIэнур куэдым зэрахуэмышэчынур арагъэнщ щIабзыщIыр. ИтIани, умыщIэныр нэхъ шынагъуэжщ.

Мэлыжьыхьым и 17-м екIуэкIа зэIущIэм США-м и президентым и пресс-секретарым хъыбар зэбгритыкIащ, мы Iуэхум правительствэмрэ ФБР-мрэ зэгъусэу зэрелэжьыр жиIэу. Ахэр иджыри щогугъ зэман кIэщIым къриубыдэу кIуэда щIэныгъэлI 11-м я лIэныгъэр зэрымыщIэкIэ зэтехуа Iуэхугъуэу къыщIэкIыжыну. КIуэдауэ зи цIэ къраIуэхэм япэ итыр США-м и хьэуа-дзэ къарухэм я генерал Маккасленд Уильямщ. Ар и унафэщIу щытащ «щэху дыдэ» къэхутэныгъэ жыхуаIэхэр щрагъэкIуэкI лабораторэм. Илъэс блэкIам и мазае лъандэрэ ягъуэтыжыркъым.

АдэкIэ къокIуэ НАСА-м и лэжьакIуэ Реза Моникэ, Гарсиа Стивен, астрофизик Гриллмайер Карл, физик Лоурейр Нуно. КIуэдахэм езыр-езыру дунейм ехыжахэр къакIэлъокIуэ. Псалъэм папщIэ, НАСА-м и лабораторэм хьэрэкIытIэхэр зэрызекIуэм щелэжьу щыта Майвальд Фрэнк. Илъэс 34-м иту 2022 гъэм дунейм ехыжа Эскридж Эми езым зиукIыжауэ жызыIэ щыIэщ, ауэ Унэ Хужьым щIэсхэм ар я фIэщ хъущэркъым.

«Нью-Йорк таймс» газетыр 2017 гъэм тепсэлъыхьауэ щытащ хьэршым зыщышынапхъэ гуэрхэр зэрыщыIэм. Пентагоным иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ щэхухэр Трамп Дональд къигъэнэIуэным тезыгъэгушхуар Обамэ Барак «нэгъуэщI планетэхэм цIыхухэр зэрыщыпсэур хьэкъщ» зэрыжиIарауэ хуагъэфащэ языныкъуэхэм. Адрейхэм Трамп НЛО-м щIытепсэлъыхьыр езым кърихьэжьэ Iуэхухэм, псалъэм папщIэ, Иранным зэрытеуам, хэкIыпIэ узыншэ зэрахуимыгъуэтырщ. Сенатор бзылъхугъэ Тейлор Грин Марджори зэрыжиIэмкIэ, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр «Эпштейн къызыкъуиха файлхэм» президентыр зыгъэпуд куэдыIуэ зэрыхэтырщ. ЦIыхубэм я щхьэм илъыр яхъуэжын папщIэщ нэхъыбэм дунейкъутэж хъыбар къыщIрахьэжьэ хабзэр.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Адыгэ джэгуакIуэхэм ягъэзэщIа къалэнхэр

Тхыдэм уриплъэжмэ, хыболъагъуэ джэгуакIуэ-уэрэдусхэм я дуней тетыкIар. Абыхэм жылагъуэм щагъэзэщIа къалэным, цIыхубэм къыхуахьу щыта щхьэпагъым ди щэныгъэлI, тхакIуэ, къэхутакIуэ куэд тетхыхьыжащ. Абыхэм я лэжьыгъэхэм сриплъэжу, сыхуейт ди щIалэгъуалэм иджыри зэ ягу къэзгъэкIыжыну джэкIуэхэм я шыфэлIыфэр, абыхэм зэхалъхьауэ ди деж къэса уэрэдыжьхэм ящыщхэр, хъыбархэр. ДжэгуакIуэхэм ди лъахэр къызэхакIухьырт, хьэгъуэлIыгъуэхэм ущрихьэлIэрт, цIыхухэр ягъэджэгуу. Абыхэм я джэгухэм купщIэшхуэ яхэлът, цIыхум зригъэузэщIырт. ДжэгуакIуэхэм лIыхъужьхэм уэрэд хузэхалъхьэрт, зауэ екIуэкIам гъыбзэ траусыхьыжырт («Къэбэрдей жэщтеуэ»). Абыхэм нэгъуэщI къалэни ягъэзащIэрт: здэщыIа щIыпIэхэм хъыбархэр кърахырт, къэхъуа-къэщIахэр цIыхубэм лъагъэIэсырт.

ПАСЭ зэманым усэным хуэгъэпсахэм Кавказым ис лъэпкъ зыкъомыр ашугкIэ еджэу щытащ. Азие Курытым апхуэдэм щхьэкIэ акын жаIэ, урысхэр зэреджэр скоморохщ, украинхэр - кобзарщ, нэмыцэхэр - шпильманщ, инджылызхэр - скальдщ, францухэр - жонглерщ. Хьэлэмэтщ а лъэпкъхэм я псалъэ зэмыщхьхэм зэтехуэу зы зэрахэлъыр. Скоморох, жонглер, шпильман - а псоми щхьэж и бзэкIэ, «джэгу» е «гушыIэ» псалъэ лъабжьэ къыхыбогъуатэ. Адыгэхэми джэгуакIуэ псалъэр къызыхуагъэсэбэпыр аращ икIи адыгэ джэгуакIуэхэм я IуэхущIафэрэ дуней тетыкIэкIэ урыс скоморохэм, украин кобзархэм, нэмыцэ шпильманхэм, француз жонглерхэм, кIэщIу жыпIэмэ, нэгъуэщI лъэпкъ куэдым я джэгуакIуэхэм я лэгъущ, я къуэщщ.

Адрей лъэпкъ куэдым къахэкIауэ джэгуакIуэныр зи IуэхущIафэхэм хуэдэ дыдэу, адыгэ джэгуакIуэхэр хэку гъэбжьыфIэу псэуащ. ИкIи адыгэ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн ягъэзащIэу щытащ.

Пасэрей адыгэхэм я дунейм джэгуакIуэхэм пщIэ лей щаIэт. ДжэгуакIуэ гупыр е, нэгъуэщI мыхъуми, зи закъуэр щыIэн хуейт дэтхэнэ жылагъуэ Iуэхушхуэми, унагъуэ Iуэхуу дауэдапщэ зращIэкI хабзэу щыт куэдми. Дунейр мамыррэ цIыхубэр губгъуэ лэжьыгъэ гуэрым пэрытмэ, ахэр лэжьакIуэ гъэгушхуэт, зэштегъэу Iэззэхэт: я хъыбархэмкIэ, джэгукIэхэмкIэ цIыхубэр лэжьэным хуагъэпсырт, IуэхущIэгъуэр икIамэ, зыгъэпсэхугъуэм деж гушыIэ дахэкIэ, псалъэ шэрыуэхэмкIэ, уэрэд гъэщIэгъуэнхэмкIэ, макъамэхэмкIэ трагъэурт. Унагъуэ гуэрым е жылэм дауэдапщэ яIэмэ (нысашэ, унэ тхьэлъэIу, вакIуэихьэж, н.къ.), джэгуакIуэхэр хъуэхъуакIуэт, уэрэдгъуот, пшынауэт, джэгу къыщызэIуахкIэ, ахэр икIи пшынауэ-пхъэцIычауэт, икIи къэфакIуэт, икIи хьэтиякIуэт.

ЩIэблэ къэхъум дежкIэ абыхэм къаIурылъэлъ анэдэлъхубзэ дахэр бзыпхъэт, я псалъэр гъэсэн Iуэхум дежкIэ щIэгъэкъуэн пэжт, ущие щыпкъэт. Хэкум гузэвэгъуэ илъ щыхъукIэ, цIыху цIыкIум я гур къэзыIэтыжыр ахэрат, зауэм деж абыхэм лIыхъужь уэрэдыжьрэ хъыбарыжькIэ зауэлIыгур ягъэбыдэрт, шуейхэм зекIуэ ядежьэрти, уэрэдыщIэу ясымыкIэ нэхъ хахуэу ялъэгъуахэр ягъэлъапIэрт, нэхъ хуэмыхуу гу зылъатахэм ящIэнакIэрт, лIыгъэ хэлъу зауэм хэкIуэдахэм я цIэхэр мыкIуэдыжыну уэрэдкIэ тхыдэм къыханэрт. ДжэгуакIуэр хэтын хуейт уIэгъэ зытелъ е уз бзаджэ зэуэлIахэм хуащIщIэпщакIуэми, нысашэми, щауэишыжми, дэтхэнэ зы тхьэлъэIуми. ХэкулI дунейм ехыжыхукIэ, абы и хьэдэщIэлъхьэри джэгуакIуэншэу зэфIэкIыртэкъым. Хъыбару зекIуэхэм, тхыжауэ щыIэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, зэман гуэрым хабзэу щытауэ къыщIэкIынущ лIыхъужь хьэдэр джэгуакIуэхэм яуса уэрэдкIэ щIалъхьэжу.

АбыкIэ тегъэщIапIэхэм ящыщ хъунущ, псалъэм папщIэ, XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм зауэлI хахуэ Хъуэджэбердыкъуэ Мыхьэмэт и хъыбарым къиIуатэр: а лIыхъужьыр уIэгъей хъуауэ шэр къыщыхахыжым, джэгуакIуэхэм макъамэ нэжэгужэ хуаусыгъауэ жеIэ хъыбарым (а макъамэр ди деж къэсащ); ауэ иужькIэ кIэщIу и псэр хэкIати, абдежым гъыбзэ уэрэд щыхузэхалъхьэри абыкIэ хьэдэр пщIантIэм дахащ, жи. Абы зыкъомкIэ тохуэ Аджэрий и къуэ Кушыку и хъыбарым къиIуатэр, нэгъуэщI зыкъомри.

Ищхьэкlэ зи гугъу тщIахэм нэмыщI, иджыри къалэн зыбжанэ игъэзащIэу щытащ джэгуакIуэм. Абыхэм ящыщ зыщ ар лъэпкъ тхыдэм и «дыщэ пхъуантэм» и хъумакIуэу зэрыщытар. СултIан Хъан-Джэрий мыпхуэдэу къеIуэтэж: пщы лIакъуэу тIу зэдауэ хъуат зи къуэпсыр нэхъ куур яхузэхэмыгъэкIыуи, хеящIэ яхуэхъуну зыхуагъэфащар джэгуакIуэрщ. ПщитIым яку укъыдэхутэныр Iуэху цIыкIутэкъым, ауэ джэгуакIуэр пэжым тету Iуэхум бгъэдыхьэщ, лIакъуэ зэдауитIыр уэрэдыжьхэм къызэрыхэщ щыIкIэр къихьри, и псалъэм къыпадзыжын щымыIэн хуэдэу Iуэхур зэфIихащ.

ДжэгуакIуэр лъэпкъым и тхыдэм къыхэхъукIуащ, икIи абы и къэхъукIэм, и зыузэщIыкIэм, иужькIэ зыхуэкIуэжам тхыдэ щхьэхуэ иIэжщ. Къапщтэмэ, мажусий динри гъуазджэ лIэужьыгъуэхэри щызэдэгъуэгурыкIуа лъэхъэнэм (синкретизм), дэ ищхьэкIэ жытIам хуэдэ къалэн игъэзащIэу джэгуакIуэ щыIакъым. Ауэ а зэманым щыIащ я зэчийкIэ цIыху къызэрыгуэкIхэм къащхьэщыкI усэрэжхэр, тхьэгурымагъуэхэр, щхъухьпсыхьэхэр. Ахэр псалъэм, къэкIыгъэхэм, хьэпшып гуэрхэм ириIэзэрт, дауэдапщэ ящIырт.

ДжэгуакIуэм и пщэрылъхэм мажусий хуэIухуэщIэ зыкъом къыхэнами, и къалэн нэхъыщхьэр эстетикэм ехьэлIа мэхъу. Абы нэхъыбэкIэ нэхъ хуэныкъуэу щытыр жылагъуэм бжьыпэр щызыубыдхэрат - тепщэныгъэ зыгъуэта зекIуэлIхэр, зауэлIхэр, абыхэм я пашэхэр. Апхуэдэхэм дежкIэ псалъэ шэрыуэм хуэIэзэ цIыхухэр ауэ зэштегъэу къудейтэкъым, сыту жыпIэмэ, и тепщэныгъэр зыгъэбыдэну пылъыр сыт щыгъуи хуэныкъуэщ и лIыгъэр зыIуатэу ар зыгъэину и лъабжьэр абыкIэ лъэщ зыщIынхэм. Апхуэдэ цIыхум и псалъэм куэдкIэ елъыта мэхъу зекIуэлIым и цIэр зэрыIунри мыIуххэнри. Абы къыхэкIыу, щIэныгъэлI зыкъомым зэрыжаIэмкIэ, зекIуэ гупым ящIыгъуу къэзыкIухь усакIуэ-уэрэдгъуор джэгуакIуэ лIэужьыгъуэхэм ящыщ нэхъ пасэрей дыдэхэм языхэзщ.

ДжэгуакIуэм я псалъэр гуимыхужт, шэрыуэт, лъэщт. Иджыри зэ къытедгъэзэжынщи, джэгуакIуэм адыгэ гъащIэм увыпIэшхуэ щиубыду зэрыщытам и шэсыпIэщ нобэми IуэрыIуатэми жьабзэми къыхэнэжа IуэрыIуатэхэкIыу абыхэм я щIэину ябж псэлъафэхэр, хъуэхъухэр, хъуэнхэр, нэгъуэщIхэри. ЦIыхубэм къафIэщIырт джэгуакIуэхэм мэгъу гуащIэ яIэщIэлъу, тхьэхэр я пашэгъуу, абы щхьэкIэ ахэр ирагъэблагъэрт сыт хуэдэ Iуэху адыгэм имыIэтми. ДжэгуакIуэм и псалъэм пщIэ сытым дежи хуищIу щытащ, щысхьу, лей къимыпсэлъу, купщIафIэрэ блэ шэрэзым хуэдэу идзу.

Псалъэр зэрагъэIурыщIэм, ар щыпкъэу, екIуу, дахэу зэрагъэIэрыхуэм и щыхьэтщ, абы джэгуакIуэхэр хуэIэзэу, хуэIэижьу зэрыщытам. ДжэгуакIуэм и псалъэ ухуэкIэ-гъэпсыкIэм къыбжеIэ адыгэм псалъэхуэIэзэр, жьэнахуэр, IуэрыIуэдз щыпкъэр фIыуэ ялъагъуу, пщIэ хуащIу зэрыщытар, щIэблэр а щапхъэм щIапIыкIыу къызэрыгъэгурыкIуар. Ар джэгуакIуэ щэнти, гъэсэныгъэ IуэхукIэ зы щапхъэт.

Къыхэгъэщыпхъэщ, джэгуакIуэр мышынэу, икIуэт имыщIэу зэрыщытар. Псалъэжьым зэрыжиIащи: «Псалъэр пшэщIмэ, шабзэщ, бдзымэ, мывэщ». ДжэгуакIуэм и Iэщэ нэхъыщхьэр – псалъэрщ. Аращ щIыр кIэрэхъуэху, нэхъыщхьэу дунейм тетынур - псалъэкIэ цIыхур пхуэукIынущ, псалъэкIэ цIыхур бгъэхъужыфынущ. А хабзэм тетащ джэгуакIуэхэр, икIуэт ямыщIэу ем пэщIэту, цIыхугур фIым къыхуагъэушу, щIэблэр ягъасэу.

КIЫЩ Алихъан.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Гум дыхьа «Гъуэжькуий»

Журт Биберд и «Гъуэжькуий» романыр тхылъ щхьэхуэу дунейм къытехьэн ипэ «Iуащхьэмахуэ» журналым 1987 гъэм къытехуауэ щытащ абы щыщ пычыгъуэ. А зэманым университетым и адыгэ къудамэм и егъэджакIуэ, доцент Абазэ Албэч и унафэкIэ, ещанэ курсым щIэсхэм романым зыщагъэгъуазэри, абы теухуа зэIущIэ КъБКъУ-м и активэ пэшым щекIуэкIауэ щытащ. А зэIущIэм, дауи, зыкъригъэхьэлIат романыр зи къалэмыпэ къыщIэкIа Журт Биберди. Романым теухуауэ студентхэр къэпсэлъащ, я упщIэхэмкIэ тхакIуэм зыхуагъэзэну Iэмал яIащ.

И ЖАНРКIЭ мы тхыгъэр нэхъ зэкIуалIэр, зэбгъапщэ хъунур лъэхъэнэм и къэхъукъащIэхэр къэзыгъэлъэгъуэж романхэрщ - адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэхэм щIыпIэ нэхъ ин щызыубыдырщ.

Абы къикIыркъым романым блэкIа лъэхъэнэм пыщIэныгъэ хуимыIэу, пэжу къэхъуа, екIуэкIа Iуэхухэм лъабжьэ щамыIэу. И повестхэми хуэдэу, мы тхыгъэми, Мыщхъыдж жылэжьым нэмыщI Iуэхухэм я нэхъыбэр щекIуэкIыр Аущ-Джэрджий къуажэжьырщ, езы тхакIуэм и сабиигъуэр щигъэкIуарщ. ХэпщIыкIыу романым къыщыгъэсэбэпащ езым и гъащIэм щыщ, и Iыхьлы-благъэхэм ядилъэгъуа, ядищIэ гуэрхэр, я цIэ-унэцIэ дыдэхэр, тхылъыр зэрыщыту абыхэм ятемыухуами.

Романым къызэщIеубыдэ лъэхъэнэшхуэ - революцэм и пэм щыщIэдзауэ зэгуэр къэралышхуэу щыта СССР-р къутэжыху, лIыхъужь куэди хэтщ. Абыхэм я зэхуакуми куэд къыщохъу: Iеи фIыи. А лъэныкъуитIым елъытауэ тхыгъэм и сюжетми зеужь: хэт илъ ищIэжыну хэтщ, хэти и ныбжьэгъур, унагъуэр ихъумэжыну хущIокъу.

Тхыгъэм узыщрихьэлIэ персонажхэм я хьэл-щэнхэр Журтым Iэзэу къехъулIащ. Абыхэм бзэ къабзэ, шэрыуэ яIурылъщ. Гунэс пщохъу, уи пащхьэ къитым хуэдэу уи нэгу къыщIоувэ Мыхьмуд ефэндыр, къуажэ Советым и тхьэмадэ Мурид щхьэхуещэр, лIы еру Вындокъуэ ФIыцIэ, пщы Къасым, адыгэ пщащэ нэсым и щапхъэ псори зыдэплъагъу НэфIыцIэ сымэ.

ЛIыхъужьхэм ящыщу япэ дыдэу дызыхуэзэр Елбэздыкъуэщ. Ар лэгъупэжь IэкIуэлъакIуэщ, цIыху угъурлыщ, Iэщыр бэгъуауэ къыдэхъуу, жылэри пщыри къыхуэарэзыуэ. ЦIыхухэми яхуэгумащIэщ. А дадэм къыпкърих хуабагъэр, гу къабзагъэр, фIылъагъуныгъэр тхылъым и напэкIуэцIхэм къикIыурэ зэхыбощIэ, гукъыдэж къыует, уи сабиигъуэм ухешэж. Ауэ дэтхэнэ лIыхъужьыфIми хуэдэу, абы къефыгъуэхэри щыIэт...

Адэншэу къэна Мурадин (ПIытIыкъ) и къуэ дыдэм хуэдэу зришэлIат Елбэздыкъуэ (езым бын иIэтэкъым). И псэр хэкIыху, ар щIалэ цIыкIум и гъусащ, къыщхьэщыту, зыри щымыщIэу игъэпсэуащ.

Мысрокъуэ-щэ? Мысрокъуэ лIэныгъэм кърigъэлат икIи и лъэпкъым щыщхэр къигъуэтыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъуат. Езы щIалэри «ди адэкIэ» фIэкIа еджэртэкъым лэгъупэжьым. Зэзэмызэххэ «Дыкъуэ» жиIэрт.

Сыт абы и цIэм къикIыр? Ел - «лъэпкъ, щIыналъэ», бэз - «унафэщI», дыкъуэ. КIэщIу жыпIэмэ - лъэпкъыр зезыгъэкIуэ. НтIэ, тхакIуэм и зы лIыхъужьым ар фIищыныр ауэ сытми къигупсысакъым, атIэ и хьэлщэным, и дунейм еплъыкIэм хуэкIуэу къыхихащ.

«Псом хуэмыдэжу Елбэздыкъуэ и образыр къехъулIауэ жыпIэ хъунущ. ЛIыгъэри, цIыхугъэри, пэжыгъэри, гущIэгъури - адыгэлIым хэлъын хуей хьэл-щэныфI псори абы и деж щызэхуэхьэсащ. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо Iумыуами, Iуэху мыщхьэпэ хэхуами, Елбэздыкъуэ япэ иригъэщыр напэрщ, адыгагъэрщ, захуагъэрщ. Аращ абы жылэ псом пщIэ къыщIыхуащIри, я чэнджэщ къыщIрахьэлIэри», - етхыж журналист Мыз Ахьмэд.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къалэну тхакIуэм зыхуигъэувыжар абыхэм ящыщ зы, е щхьэхуэ-щхьэухуэу дэтхэнэри, ехьэжьауэ къигъэлъэгъуэжыныр аракъым, атIэ къызэрыгуэкI цIыхур а екIуэкI псом зэрыхущытар къыдигъэлъагъунырщ.

Къалэн зыхуигъэувыжам тету, Журт Биберд цIыху зэхуэмыдэ зыбжанэм я шыфэлIыфэр и романым нэрылъагъу щещI, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми, зэрыхузэфIэкIкIэ, и нэIэ тригъэту. Iуэху зэфIэхыкIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ ахэр зэхуэдэкъым, ауэ абыхэм лейуэ, къалэн гуэр ямыгъэзащIэу зыри яхэткъым. Ар тхакIуэм и ехъулIэныгъэхэм ящыщ зыуэ къэлъытэн хуейщ.

ЩОДЖЭН ФатIимэт.

Пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым

ФIыуэ слъагъу IэщIагъэ сыпэрытми, си псэм хэлъ адыгэбзэр згъэшэрыуэми, куэд щIауэ сыщIэхъуэпсырт уэрэд жыIэным емыпхауэ иджыри зы IэщIагъэ зэзгъэгъуэтыну. А гуращэр къызэхъулIащ - Къэбэрдей-Бэлъкъэр къэрал университетым и «Адыгэ филологие» къудамэм и магистратурэм сыщIэтIысхьащ!

БАЛИГЪ гъащIэм псоми нэгъуэщIынэкIэ урегъэплъ. Сыщеджэ къудамэм щIэныгъэм и закъуэкъым къыщIэсхыр, атIэ лъэпкъым и цIыху пажэхэр къыщысцIыхуащ, анэдэлъхубзэм и IэфIыр нэхъыфIыжу зыхызагъэщIащ, Iущагъ куэд зэхызагъэхащ. Ди егъэджакIуэхэр егъэлеяуэ гум дыхьэ защIэщ. СыщогуфIыкI апхуэдэ егъэджакIуэхэр си гъащIэм къызэрыхыхьам, гъунэгъу зэрысхуэхъуам. Ди кафедрэм и егъэджакIуэхэр республикэ псом къыщацIыху, щIэныгъэрэ акъылу ябгъэдэлъым нэмыщI, хабзэ, нэмыс, цIыхугъэ, гуапагъэ зыхэлъ защIэщ.

Кафедрэм и унэфэщI Къардэн Мусэдин хуэдэ цIыху акъылыфIэ адыгэ лъэпкъым зэрытхуэлажьэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Быхъурэ Мухьэмэд, Абазэ Албэч, Бозий Наимэ, Хэжь Ленэ, Езауэ Мадинэ, УнэлIокъуэ Вячеслав сымэ адыгэ литературэм, бзэм хуащI хэлъхьэныгъэмрэ анэдэлъхубзэр щIэблэм я деж нэхьэсыным ираIщылIэ лэжьыгъэмрэ зы пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым. Мыхэр къэзымыцIыху гъуэтыгъуейщ, ауэ газет напэкIуэцIыр къэзгъэсэбэпу абыхэм я студентхэм къабгъэдэкIыу иджыри зэ фIыщIэ яхуэсщIмэ, си гуапэу си тхыгъэ кIэщIыр ятезухуауэ аращ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Залинэ.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

И цIыхугъэм едыгъуащ

Налшык и полицэм зыхуигъэзащ илъэс 32-рэ зи ныбжь цIыхухъум, и банк картэхэм ахъшэ зэрырадыгъукIам къыхэкIыу. Лей зытехьам зэрыжиIамкIэ, абы пыщIауэ шэч хуищIырт и цIыхугъэ, илъэс 25-рэ зи ныбжь, Шэджэм районым щыпсэу цIыхубзым.

IУЭХУР щызэхагъэкIым зэраубзыхуамкIэ, абы цIыхухъум хуигъэлъэгъуащ мобильнэ гуэдзэнымкIэ ахъшэ щIыхуэ кърaтыныр хузэригъэпэщыну. Абы и телефоныр къыIихри, кредит лъэIу хуитх хуэдэу ищIри, и счетым сом мин 85-рэ кърихащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, шэч зыхуащIым лей зытехьа цIыхухъум и щхьэгъусэми и телефоныр зыIэригъэхьэщ, абы и картэми сом мин 99-рэ кърихри, езым и счетым игъэкIуащ. Псори зэхэту хэщIыныгъэр сом мини 184-рэ хъуащ.

Хъыджэбзым зэрыкъуаншэмкIэ зиумысыжащ, идыгъуа ахъшэр лей зытехьахэм яIэригъэхьэжащ.

Налшык УМВД-м и ОП №1-м шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Налшык и полицейхэм щытыкIэ гугъум къихута унагъуэхэм я сабийхэм папщIэ Iуэху дахэ къызэрагъэпэщащ Урысейм и махуэм. Абыхэм ящIыгъуащ адэ-анэхэмрэ МВД-м и Налшык управленэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкiэ инспекторхэмрэ.

ЦIыкIухэр ягъэгушхуэ

ПОЛИЦЕЙХЭМ ныбжьыщIэхэм псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкIуэкIащ, къэрал махуэшхуэ нэхъыщхьэхэу ТекIуэныгъэмрэ Урысеймрэ я щIыхькIэ ягъэлъапIэхэм я мыхьэнэм яхутепсэлъыхьри. Щхьэхуэу къытеувыIащ Урысей ныпым и тхыдэмрэ абы и плъыфэ зэхэлъыкIэмрэ. Хэкупсэ Iуэхум къыдэкIуэу, лэжьакIуэхэм цIыкIухэм жраIащ шынагъуэншагъэ хабзэм тетыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ялэжьымкIэ жэуап зэрахьыр икIи гъащIэ узыншэ ирахьэкIын зэрыхуейр.

Адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ Управленэм и ПДН-м и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ я гулъытэмрэ зэрызрагъэплъыхьамрэ папщIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Ланэ.

● Спорт хъыбархэр

Медаль зырыз

Тэмэму зэхэзымыххэм бэнэкIэ хуитымрэ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм я чемпионатхэр Калининград къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 23-м я спортсмену 100-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бэнакIуэхэм хъарзынэу зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи медалитI абы къыщахьащ. БэнэкIэ хуитымкIэ килограмм 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ щыхъуащ Бахъсэн щIыналъэм и спорт еджапIэм и тренер-егъэджакIуэ Тезадэ Мурат.

Килограмм 77-рэ зи хьэлъагъхэм я деж алыдж-урым бэнэкIэмкIэ ещанэ увыпIэр къыщихьащ КIыщ Аслъэнбэч. ЩIалэм и тренерхэр КIыщ Муратрэ Къардэн Анзоррэщ.

Еханэу чемпион мэхъу

Мэзкуу къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэ спортсменхэм пауэрлифтингымкIэ я чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 44-м я спортсмену 200-м нэблагъэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спорт-адаптивнэ еджапIэм и гъэсэнхэм медалищ зэхьэзэхуэм къыщахьащ икIи ахэр УФ-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Къыхэдгъэщынщи, ГъукIэлI Ислъам мы гъэм еханэу УФ-м и чемпион щыхъуащ килограмми 107-рэ зи хьэлъагъхэм я деж. Абы хузэфIэкIащ килограмм 204-рэ зи хьэлъагъ штангэр къытриIэтыкIыну.

Таукенов Алан зи ныбжьыр илъэс 20-м щIимыгъуа спортсменхэм я зэпеуэм килограмм 54-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ. Абы къытриIэтыкIащ килограмм 95-рэ зи хьэлъагъ штангэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэм и тренер Гугъуэт СулътIани зэхьэзэхуэм хэтащ икIи килограмм 72-рэ зи хьэлъагъхэм я деж етIуанэ щыхъуащ, килограмми 162-рэ зи хьэлъагъ штангэр къытриIэтыкIри.

Батыр етIуанэщ

ЩIыналъэхэм стIолыщхьэ теннисымкIэ я зэхьэзэхуэ Краснодар крайм и Лабинск къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я спортсмену 100-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и гъэсэну зэхьэзэхуэм цIыхуитху щыIащ икIи абыхэм ящыщу илъэс 16 зи ныбжьхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Хьэнэ Батыр. Хочуев Сулеймэн ещанэ щыхъуащ илъэс 14 зи ныбжьхэм я деж.

Ди командэм и тренерыр Темыркъан Заурщ.

Спортсмен цIэрыIуэм и щIыхькIэ

Олимп джэгухэм тIэунейрэ къыщыхэжанык Iа Продуновэ Еленэ и щIыхькIэ спорт гимнастикэмкIэ илъэс къэс зэхашэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмену 14. Апхуэдэуи, абы кърихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэ куэдым я лIыкIуэу, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 270-м нэблагъэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и спортсменхэм ящыщу ещанэ разряд зиIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Щхьэныкъуэ Амиля. Япэ разряд зиIэхэм я деж щыяпащ Бэч Арианэ, Къэзанш Евэ ещанэ хъуащ.

Ещанэ спорт разряд зиIэхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Бэч Миллисэ. ЕтIуанэ разрядым - Нэгъуей Саидэ. КъарэцIыкIу Айши зэпеуэм хъарзынэу хэтащ ауэ, мызыгъуэгукIэ медаль къыхуэхьакъым.

ЕтIуанэ разряд зиIэ щIалэхэм я зэхьэзэхуэм Щауэ Амир япэ, Щауэ Алим етIуанэ, Кабалоев Исуф ещанэ увыпIэхэр къыщахьащ.

Япэ разряд зиIэхэм я деж Чыржын Къантемыр япэ щыхъуащ.

Ди командэм дэлажьэр Продуновэ-Исметовэ Еленэ, Тавитовэ Иринэ, Щоджэн Теймураз сымэщ.

НАУРЫЗЫКЪУЭ Долэт.

● Тхэквондо

Нэхъ лъэщыр зэхагъэкI

Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) Урысей Федерацэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ иджыблагъэ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 59-м я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 778-рэ, я ныбжькIэ илъэс 12 - 14 хъухэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэту зэхьэзэхуэм килограмм 49-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт комплексым и тхэквондист Iусен Руслан.

Домбеякъ медалхэр къахьащ Къумыкъу Дианэрэ (кг 55-рэ, «Пять колец») Степан Валерэрэ (кг 33-рэ, Бахъсэн щIыналъэ, Ислъэмей).

Спортсменхэм я тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Уэзрокъуэ Анзоррэщ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщызыхьахэр мы гъэм бжьыхьэм Румынием щекIуэкIыну европей зэпеуэм хэтынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Спартакиадэм зыхуагъэхьэзыр

УФ-м и еджакIуэхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я XIII Гъэмахуэ спартакиадэм и 2-нэ Iыхьэр Ингушым и Назрань къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтахэр щIэбэнащ Олимп джэгухэм я чемпион Манкиев Назир и саугъэтхэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кърихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 58-м я бэнакIуэу 200-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 16-м щIимыгъуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу зэпеуэм спортсмени 10 хэтащ икIи медалитху абы къыщахьащ.

ЖыпIэнурамэ, килограмм 35-рэ зи хьэлъагъхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ Хьэбылэ Идар. Саншокъуэ Ислъам етIуанэ щыхъуащ килограмм 75-рэ зи хьэлъагъхэм я деж. Дыкъынэ Руслан (кг 44-рэ), Чыл Имран (кг 57-рэ), Ажэгъуей Адлан (кг 41-рэ) сымэ ещанэ увыпIэхэр къахьащ.

Зэхьэзэхуэр къызэрыхахыу щытащ икIи абы щытекIуахэр спартакиадэм и кIэух урысейпсо зэпеуэм хэтынущ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзырэщ Индрей Жантемыр, Хьэкъул Мурат, Къуэн Станислав, Табыхъу Тимур, Жыкъуэ Залымхъан, Къарэ Хьид сымэ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Махуищым щыIащ джэгугъуитI

● Футбол

ПэщIэдзэ джэгугъуэхэм ящыщу зэIущIэ зыбжанэ щагъэIэпхъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым иджы ахэр щрагъэкъуж. Аращ къызыхэкIар блэкIа тхьэмахуэм и зыгъэпсэхугъуэ махуищым командэхэм я нэхъыбэр тIорытIэ губгъуэм къихьэн хуей зэрыхъуар.

МЭРЕМ кIуам, Урысейм и махуэм, япэу джэгупIэ губгъуэм къихьащ мыгъэрей зэхьэзэхуэм псори щыхэзыгъащIэ «Тэрчыр». Лэскэн районым абы къыщыпэплъэрт зэпеуэм щыпашэхэм ящыщ «Урыхур». Арщхьэкiэ зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ щыIауэ пхужыIэнукъым. Джылахъстэнейм къикIахэр 3:0-у зэрытекIуар абы и щыхьэтщ.

Ерыщу щызэпэщIэтар Налшыкщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къэкIуа «Малка»-м зигъэхьэщIэну зигъэхьэзыртэкъым икIи абы и пашэ Умар Азэмэт ебгъуанэ дакъикъэм Балъкъ Iуфэ къикIахэр япэ иригъэщащ. Зы тэлай нэхъ дэмыкIыу Курдыгъу Къантемыр «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэм я гур къызэригъэгъуэтыжащ, бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжри. Аргуэру дакъикъэ зыщыплI дэкIри, ПщыукI Аслъэн «Малка»-р япэ иригъэщыжащ. Апхуэдэ щIэдзэкIэр икъукIэ удэзыхьэхт икIи абы еплъыну къэкIуахэм я гукъыдэжыр къэзыIэтт.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм пащащ. Къущхьэ Исмэхьил етIуанэу бжыгъэр зэхуэдэ ищIащ, джэгум и етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэу. Малкэдэсхэм я жэуапри зэуэзэпст - Мэкъуауэ Ислъам зыхэт гупыр япэ иригъэщыжащ. Арщхьэкiэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэ фIэкIа къыщыхамыгъэщIа «Спартак-Д»-м и футболистхэр абыкIэ арэзытэкъыми, къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэ хъуащ. Мыгувэу Къущхьэ Исмэхьил аргуэру къыхэжаныкIащ.

Лъэныкъуэхэр зэрытемыгъакIуэу куэдрэ екIуэкIакъым. Джэгум и кIэухым хьэщIэхэм къару нэхъыбэ къахуэнауэ къыщIэкIащ. 80-нэ дакъикъэм Уэзрокъуэ Азрэт-Алий «Малка»-р еплIанэу япэ иригъэщащ. Куэд дэмыкIыу Умар Азэмэт хьэщIэхэм я текIуэныгъэр щIигъэбыдащ икIи, мыгъэрей зэхьэзэхуэм къызэрыхэжанык Iар 12-м нигъэсри, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм щылъэщIыхьэжащ «Логоваз»-м щыджэгу Мокаев Таулан.

Щэбэтым зэдэджэгуар блэкIа зэIущIэм япэ текIуэныгъэр къыщызыхьу зэхьэзэхуэм и кIэух увыпIэр зыбгына Шэджэм и «Черкес»-мрэ ар зыхъуэжа «7 Вершин-Шалушка»-мрэщ. Ахэри гуащIэу зэпэщIэтащ, ауэ нэхъ лъэщыр яхузэхэгъэкIакъым. Арати, здэщытам къыщынэжащ.

Тхьэмахуэм щыIа зэIущIэхэм «Тэрчым» и пашэныгъэр игъэбыдащ. Ислъэмей къуажэм абы хэгъэрейхэр щыхигъэщIащ. АрщхьэкIэ «Логоваз»-м ар жыжьэ иутIыпщыркъым. Бабугентдэсхэр, хьэщIапIэ кIуауэ, текIуэфащ Альтуд и «Искра»-м. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, республикэм и нэгъабэрей чемпионым ещанэу зэкIэлъхьэужьу фIахьащ икIи иджы щыщIэдзауэ гурыIуэгъуэщ а цIэ лъапIэр мы гъэм зэрыIэщIахынур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: *мэкъуауэгъуэм и 12-м* - «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:5**, «**Искра**» (Альтуд) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **1:3**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:3**; *мэкъуауэгъуэм и 13-м* - «**Черкес**» (Шэджэм) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **1:1**; *мэкъуауэгъуэм и 14-м* - «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Псыкуэд-Марвил**» - **4:3**, «**Ислъэмей**» - «**Тэрч**» - **0:2**, «**Спартак-Д**» - «**Урыху**» - **1:0**, «**Малка**» - «**Бедик**» - **1:0**, «**Искра**» - «**Логоваз**» (Бабугент) - **1:3**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэну къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэхэм щызэIущIэн хуейщ: *мэкъуауэгъуэм и 20-м* - «Логоваз» - «Черкес», «Урыху» - «Малка»; *мэкъуауэгъуэм и 21-м* - «Псыкуэд-Марвил» - «Искра», «Бедик» - «Яникой-1961», «Тэрч» - «Спартак-Д», «7 Вершин-Шалушка» - «Ислъэмей» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Тэрч»	**9**	**9**	**0**	**0**	**37-4**	**27**
2. «Логоваз»	**9**	**8**	**0**	**1**	**26-11**	**24**
3. «Малка»	**9**	**7**	**0**	**2**	**30-11**	**21**
4. «Спартак-Д»	8	6	0	2	29-11	18
5. «Урыху»	10	6	0	4	28-21	18
6. «Ислъэмей»	10	5	1	4	22-12	16
7. «Яникой-1961»	9	4	1	4	19-35	13
8. «Искра»	9	3	0	6	28-22	9
9. «Псыкуэд-Марвил»	9	2	1	6	18-36	7
10. «Бедик»	10	1	1	8	12-38	4
11. «Черкес»	**10**	**1**	**1**	**8**	**12-37**	**4**
12. «7 Вершин-Шалушка»	**10**	**0**	**3**	**7**	**18-41**	**3**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.283
Заказыр №1254

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.